Дагъистаналда бер лъурал гуржиял

→ 6-7

ЦолъичIого чIеларин лъугьарал аваралги Абубакарги → 4

Гьаб жо поэмайищ, пародияйищ? → 8

Мугьаджирасул кагътал → 10

Дуца къуваталъе рорхуге кверал, кумекин ахIдолеб буго мискинлъи… *Расул ХIамзатов*

Миллат

#00, 09.06.2011 сон | МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА | Багьа 10 гъурущ

Нилъеца политика телаан, политикаялъ нилъ толел гьечIо

санагIат гьечIел суалал

Щивав жамгIиявгун политикияв хIаракатчиясул букIуна жиндирго хатI, гIамалхасият, гIадамал жинда хадур цIаялъе чара гьечIого хIажатал рахъал – цоясул гIелмулъай, кIиабилесул – сихIирлъи, ай хIажатаб заманалда, хIажатаб бакIалда жидедаго тIад ругел чагIазда аскIов вати, гьезие хъулухъалъе эхети, лъабабилезда гьаб дармил дунялалда лъикIго лъала лъихъа кигIан босизе ва лъие кигIан кьезе колебали, гьеб гIелмуялъ уна тIараде ва гьениб бакI ккола гIемерал санаца.

Амма руго жакъасеб Россиялъул политикаялда хасал политикал, гIицIго жидерго сурсаталда, гIарцуда, яргъида, къуваталда ва бекизабизе кIоларе хасияталда мугъчIвай гьабун хъулухъал ккурал, гьезул пикруялъухъ гIенеккичIого рес букIунаро бакIалъул тIалъиялъул, цо-цо мехалда федералияб централъулцин. Гьезул рахъалъ халкъалъул гIадатияб пикруги букIунаро, гьел рукIуна цоязе кумираллъун, кIиабилезе – тушбабилъун. Гьединаллъун рикIкIине бегьула Шималияб Кавказалъул политикаялъулъ Рамзан Къадиров, Сайгидпаша ГIумаханов ва Саид Амиров. Сайгидпаша ГIумаханов гьев кIигоясдасаги батIияв вуго, Рамзаницагун Саидица Москваялъе - Путиние, ФСБялъе цо-цо мехалда Православияб килисаялъулцин рахъ кколел ишараби гьарула политикаялъулъ, гIицIго ГIумаханов вуго жиндир къуваталда мугъчIвай гьабун чIарав чи, киналгIаги политикиял цолъабазда гъорлъе инчIого. КидалъизегIан С. ГIумахановасда кIвезе бугеб гьеб ахIвал-хIал цIунизе ва кинал цIиял масъалаби ругел гьесда цереяли лъазе гьабулеб буго жакъасеб гара-чIвари, гьев разилъана аваразул цIияб «Миллат» газеталъул санагIат гьечIел суалазе жавабал кьезе, хутIараб кинабго тела цIалдолезул диваналда.

- Сайгидпаша, балагьараб мехалда цIакъ дуего санагIатаб къагIида бищун бихьула дуца, бачIанщинаб тIалъиялъе критикаги гьабун, дурго политика Хасавюрт шагьаралъул гIорхъабазда лъугIулеб…

- Дида лъаларо кинаб санагIатлъи дуда гьениб бихьулебали, тIоцебесеб иргаялда дида цебе гьечIо власталъе критика гьабиялъул суал, дица рагьун хъулухъ чиназухъ балагьичIого бицуна дидаго рихьулел проблемабазул, киназго хIелхIедун беэдун ругьунал нухмалъулезе бокьараб ритIухъаб рагIи Дагъистаналда лъугьунеб буго критикалъунги, дандечIейлъунги, гьанир ругьунлъун гьечIо рагьараб политикаялде.

→ 2

редакторасул калам

Рогьоги гьунарги – цого гьакида…

Асаламу гIалайкум, магIарулав! Дуца тамашалъи гьабун батила гьадинаб къагIидаялда дуе салам кьеялда. Лъала цебесеб хинлъиги, «магIарулав» абураб рагIудаса чIухIиги дур рекIелъа нахъе араблъи. Гьебго асаралъ тIамуна нижги кагътиде къулизе. Нилъ дунял хIикмат гьабурал церехъабазулги, пасихIал шагIирзабазулги, гъваридал гIалимзабазулги наслаби ругин абураб жо жакъа ракIалде щвезабизе ккеялъ буго тату хун. Аралъул бицуна жакъасеб къо къваридаб бугеб мехалда, букIинисеб кьерхараб бихьарабго. Миллат ккун бугеб бакIалъул хIисаб гьабурабго нилъ тIамулел руго некIсияб рохъдолъа, наслабазе канлъуе, кан бакизе гIурабниги цIа хъирщизе. ЦIарги цIаги нилъер миллаталъул, шагIирас абухъе, цIваби бахилаб буго, амма цIияб гIелалда гьеб бихьизабулеб гьаракьги бакъанги рагIиги хIажат буго жакъа. Гьелъул рахъалъ хъвана поэтас:

«Дунял бижилалде дида рагIана,
РагIи букIанила цебе абулеб,
Я амру лъаларо, я гьа лъаларо,
Я гьари лъаларо, я как лъаларо,
Гьаб рагъазул цIураб, ругъназ бессараб
Дуниял цIунулеб цо рагIи ани
Жибго амру гIадаб, жибго гьа гIадаб
Жибго гьари гIадаб, жибго как гIадаб…»

Лъихъ батилеб жакъа гIузрабаздаса гIумруги, миллатги халкъги цIунулеб, аваразул кьижараб ияхI борчIизабулеб рагIи? ТIоцебе гьал тIанчазде тIаде къуларав духъ, хадуб гьаб казиятал лъул тIанчазулъ миллаталъул къисматги, гIумруги бихьизеян хьулалда казият кодобе босарав щивав аварасухъ, магIаруласухъ.

Щал ккол жакъа магIарулал? Гьеб суалалъе чIван къотIараб жаваб кьезе кIолел чагIи халкъалда гьоркьор ратулел гьечIо. РакI бацIцIадго жаваб кьуни, нилъ руго къадаралъул рахъалъ гIемерал, къадругун цIаралъул рахъалъ къо бахъанагIан ахаде унел, цолъи гьечIел, щолеб жоялъухъ инсан чIвазецин нахъе къаларел цоцалъ къеркьолел къавмал. МагIаруллъи! Киб бугеб жакъа гьеб рагIул букIараб кIодолъиги, къуватги? Гьелъие хиянатлъаразул рахъалъ хъвана магIарулазул поэтас:

«Мун бичун росарал чинал ругезда,
Чохьолъ чIвазе гьечIел жакъа дол хунжрул,
Дуе хилиплъарал рахинаризе
ХутIун гьечIищ гIурдул гIатIиракьалда..?

Нижеда цебе гьечIо пуланав магIарул чи хIакъир гьавиялъул масъала, амма чара гьечIого хIажат буго жакъа ритIухъаб рагIи. Миллат лъилъизе ккани кигIан рагIизе кьогIаб бугониги, чIезабизе ккола унти, гьеб чIезабичIебгIан заманаялъ рагIулги хIасил букIунаро.

Щиб хIал бугеб жакъа аваразул миллияб литературяялъулги, культуряялъулги, газеталъулги, театралъулги абун рагьун суал кьуни, данде суал кьун гурони бичIчIулеб хIал гьечIо. Кинаб магIарул мацIалда биччараб тIехь, ялъуни асар цIаларабе дуца ахираб анцIго соналда жаниб? Дуда лъалищ жеги аваразул «ХIакъикъат» абураб цIар бугеб газета бугеблъи? Буго гьединаб газета, пачалихъалъ гIарацги биччала гьеб бахъизе, амма цониги пуланаб макъала бугин газеталдаян гьеб гьикъулеб ахIвалхIал газеталда сверухъ бахъичIелдаса анцIгониги сон батила. Театрги буго жеги. Осетиназул гуржиязул цо-цо пьесабиги лъола сценаялда, залалдаги гIемерисеб мехалда рукIуна артистал ва гьезул хъизамалъул чагIи, хутIараб миллаталда аваразул театр лъала концертал ва бертаби гьарулеб бакI хIисабалда.

ГьечIо жакъа тахшагьаралда миллияб рухIиябгун интеллектуалияб элита данде гьабулеб бакI, цебе гIемер абулеб букIараб «аваразул годекIан». Гьанже рачIинин нилъерго газеталде, кинал масъалаби рорхизе ругел гьаб газеталъ, хIажат бугищ гьеб аваразе, кинал къасдалгун ва лъил мурадазе гIоло хIалтIизе бугеб? МагIарул халкъалъул унтарал масъалаби рорхи, миллат цолъизаби, рогьоги, гьунарги, ритIухълъиги, тIекълъиги, квешабги лъикIабги кинабго матIуялдаса гIадин бихьизаби, гьеб буго аслияб мурад. Щибха гьабилеб гIурусаз абула, гьумер гьетIараб бугин матIуялде тударугеян. Гьединал къасдалгун гIуцIана цIияб аваразул газета, хIисабазда рекъарал хIасилал лъугьине гъеж гуризе ккола нилъер щивас, «исана тIад росила, тIадеялде лъим лъала», - ян аби буго магIарулазул, нухда сапаразда киналго гьурал нилъер дугъазухъе пулеллъун ратайги. **Хабар лъикIаб рагIайги**.

къокъго **Судиязе ришватал кьеялъул рахъалъ дунялалда Россия 43 бакIалда буго. Гьел ришватазул къадарги 210 млн долларалде бахуна. Гьеб рахъалъ нилъер улкаялъул гIадал хIасилал Венесуэлаялъулги, Чилиялъулги, Конгоялъулги, Мароккоялъулги, Сенегалалъулги руго. Гьединго Россиялда цIикIкIун ришватал кьезе кколел руго вузазда, сахлъи цIуниялъул идарабазда, армиялде ритIулеб бакIалда ва гь.ц.**

Нилъеца политика телаан, политикаялъ нилъ толел гьечIо

санагIат гьечIел суалал

←1

Гьеб цо, кIиабизе – дун кинабгIаги жавабчилъи тIаде босичIого гаргадулев чи гурелъул, дуца абулеб буго санагIатлъиялъул, кинаб санагIатлъи букIунеб кIиго Чачаназул рагъуда гьоркьоб блокадаялдаги букIараб, жанир гIемераб криминалги ярагъги, миллатазда гьоркьоб хIалуцинги, битIахъе гьалдолеб хьаг гIадин букIараб шагьаралъе нухмалъи гьабизе ва гIадлуялде бачине.

- Гьедин захIматаб хIалтIи шагьаралъул бетIерлъи батани, щайха республикаялъул нухмаъулелгун гьоркьоблъи хун букIараб, дуе гьезул кверчIвай ва кумек хIажат букIинчIищ?

- Гьеб гIиллаялъул дица дуе тIадехун бицана, гъозие дир эркенаб бадибе рагIи бицунеб хасият бокьичIого. Дирго суалазулъ киданиги дандеккунгутIи букIинчIо, дица рагIи абулаан дир миллаталда хъатIулеб, Дагъистаналда хурхарал, Россиялъего кIвар бугел суалал рорхун. Цо заман букIана МухIамагIалица щибаб соналъ жиндирго тIалабазда рекъон республикаялъул конституция хисизабулеб, гьел соназда гIуцIана киналго миллатазул патриоталги гъорлъе рачун Россиялъул конституция цIунулеб комитет. ГIемерал бакIал рукIана республикаялъул конституциялда улкаялъул гIаммаб законалда данде кколарел, хадур тIамуна гьел Москваялъ ритIизаризе.

- Гьебни, цIар бокьараб лъуниги, дур МухIамагIали МухIамадовасулгун дандеккунгутIилъун тела, цIияв президент гьесул васасулгунги хинаб гьоркьоблъи бугин рагIичIо, кинаб къимат кьелеб дуца гьесул нухмалъиялъе?

- Къимат кьезе ккани цебе чIараб хIалтIул хIасил букIине ккола, гьес я лъикIаб, я квешаб щибниги гьабун гьечIелъул. Нижер руго гIадатиял ишалъулал гьоркьоблъаби – президентасулгун мэрасул рукIине кколел. Хинаб гьоркьоблъиги гьесулгун дир кинаб букIинеб гъос дирго миллат хIалареб мехалда. Дуца хIисаб гьабе анцIила анлъгоялде гIагарун силовой структурабазда цонигимагIарулавте-чIо хъулухъалда, рукIаралги рахъана. Щай Дагъистаналда бищунго кIудияб миллаталде гьединаб бербалагьи бу-кIине кколеб? МагIарулазда божизе бегьулароГойищ? Дагъистан гIуцIизеги цIунизеги биги гIетIги тIураб миллат рикIкIад гьабиялъул жеги дандерижи букIина, гьединаб къагIидаялда политика гъос гьабуни кин дир ва дир миллаталъул гъосдехун лъикIаб бербалагьи букIинеб? Гьелдаго цадахъ гьев президент гьечIо жиндирго политика бугев чи, гъов хъулухъалда ккезавурал чагIазул тIалабазда хIалтIулеб мехалда Дагъистаналда гIадлу букIине гьечIо.

- Щив вукIарав Москваялде кьурал сияхIазда жанив президентлъун вачIине бищунго мустахIикъав чи?

- Гьев хутIун бокьарав, дица гьеб цебеги загьир гьабуна жакъаги абулеб буго, гьесдаса хутIарав ункъавго мустахIикъав вукIана.

- Дур гьаниб дагьабго миллатчилъи загьирлъулеб бугин ккола?

- Дун тIоцебесеб иргаялда магIарулав вуго, дие гьелъ асар гьабулебги батила, амма бокьарав вацIцIадав, чияр асаралда гъорлъ унарев, бихьинчияб хасияталъул ритIухъав президент вачIани дица гьесул щиб миллаталъул чи вугониги рахъ кквела. Гьеб дуца абулеб миллатчилъи абураб рагIиги гIемерисеб мехалда жиндир миллаталъул тIалабги гьабулев, гьел гIодорегIан гьаризеги толарев бокьарав чиясда далулеб ярлык буго. Гьединго жиндир миллатги бичун, бокьараб тIалъиялда гъоркь регулел, жиндир чохьолгун гIагарлъиялъул тIалабазда чIарал хIелхIелчагIазда абула «интернационалисталин». Миллатги бичун, жакъа «интернационалистлъи» хIазе дун вахъани, диеги щола хъулухъал, дие гьедин инжитго щвараб тахбакI хIажат гьечIо, хъулухъ гьечIев чи гуро дун гьадинги, амма дир миллаталъул тIалабалдаса ва гьелъул къадру цIуниялдаса кIвар бугеб масъала дир гIумруялъулъ цойги бихьуларо.

- Президентасдехун бугеб бербалагьи ва гIилла бичIчIана, дургун лъикIаб гьоркьоблъи бугел чагIиго ратулел гьечIелъул, дур лъикIал гурел гьоркьоблъаби рагIула Рамзан Къадировасулгун, Ризван Къурбановасулгун, Саид Амировасулгун, Сайгид МуртазагIалиевасулгун, Имам Яралиевасулгун, Сулейман Керимовасулгун…

- Нахъе чиго толев гьечIо гури…

- Жеги руго мунгун данде кколарел чагIи, рехсон рахъулел гьечIо, ай Чачаназулги Дагъистаналъулги, хIатта федералияб политикаялдаги Шималияб Кавказалъул бищунго рагIи билъарал чагIазулгун дур гьоркьоблъи хун буго. Щай гьедин кколеб, дулъго ратизе гурин гIунгутIаби…

- Дилъ батизе ресги буго, гIайиб камурав чи вукIунарин аби бугелъул. Гьел чагIи дуца рехсолел руго дир тушбаби гIадин, гьудулзаби дир гьел гуреллъиги лъалеб батила, гьединаб суал бугеб мехалда. Гьезул киназулгоги дирги гьоркьоблъабазул бицине анкь хIажалъизе буго, цо-цоял рехсон тела. Къадиров Рамзанилгун дир гьоркьорлъаби гьечIо гьабсагIаталда, амма гьесул эмен АхIмадхIажи Къадиров вукIана дир гьоболги гьудулги. Гъос гIемераб пайдаяб хIалтIи гьабуна Дагъистаналъулгун Чачаназул гьоркьорлъабиги, вацлъиги цIуниялъе, ниж цадахъ рекъон хIалтIулаан гьелда тIад. ЦохIо АхIмад Къадировасул гIуна бихьинчилъи 1999 соналъ нилъеда тIаде Басаевгун Хаттаб вачIараб мехалда, гьел чагIиги чачаназул халкъ гурин, бандитал ругин дагъистаниязулгун гьудуллъи цIунизе кколин абизе Хасавюрталдеги вачIун. Рамзан дир тушман гуро, гъов гьудуллъун кквейги батIаго парз батиларо. Саид Амировасулгун дир гIаммаб жо щибниги гьечIо, гъов МахIачхъалаялъул мэр вуго, дун – Хасавюрталъул. Дагьаб цебе Хлопониница ахIараб данделъиялда аскIов гIодов чIезе ккун вукIана, цоцаздехун рокьукълъи нижеца загьир гьабичIо, гIаммал суалазда тIаса кIалъана. Сулейман Керимов дида лъалев чи гуро, лъазе дица гьев тIалабги гьавичIо, бечедав чи вугин гьевин абула, цохIо гьеб рахъ хIисабалде босун гьудулзаби ралагьулеб хасият дир гьечIо. Цойги чагIи рукIана дуца гьенир рехсон, цIарал кIочана…

- Дица такрар гьаризе гьечIо, Сулейман Керимовасда лъалхъизе ккола дагьалго. Нуж цо заманалда гIаммаб пикруялъул чагIи рукIанагури МухIамагIалида данде, Северный альянс, митингал…

- Киданиги Керимовгун дандбан МухIамагIалида данде гьабулеб хIалтIи букIинчIо дир, букIана нижер пикру данде ккараб цохIо суал. Пачалихъияб думаялде МухIамад ХIажиевас (Фикса - **ред.**) кандидатура лъураб мехалда дица рахъ ккун букIана. Гьебги дица гьабуна хадусел соназда рукIине ругел президентасул рищиязда магIарул чи ккезавизе кIвеладаян, экзамен гIадаб жо гьабулев вукIана. КIвана гьеб гьабизе, МухIамад ХIажиев вукIана Ростовалдаса вачIарав 90 процент дагъистаниязда лъаларев чи, гьебго процент гьаркьалги щвезарун бергьизавуна, данде республикаялъул нухмалъулел хIалтIаниги. Пайда щиб хадусеб соналда законги хисун Москваялдаса президент тIамулеб къагIида гьабуна.

- Юлия Латынина абурай журналисталъ цо гара-чIвариялда бицунеб буго МухIамадгIали МухIамадовасул заманалда нужеца тIоритIарал митингазулъ Москваялъул цо-цо чиновниказул гIахьаллъи букIанин ва гьесухъа долларазул чемоданалги росун лъалхъизарунин нуж. Дуца щиб абилеб гьелъул рахъалъ?

- КинабгIаги Москваялъгун дандбан гьабураб жо гьеб букIинчIо, гьеб гьереси буго. Жибго Москваялъ нижер рагъа-рачари бихьун МухIамагIалиде щиб абурабали дида лъаларо, гьеб гьереси гьабизе яги тасдикъ гьабизе дун гьесда цадахъ Москваялде инчIо. АхIун вукIана президентасул администрациялъ рекъел гьабеян абизе, журналисталъ абухъе цереккун доз ниж тIамун рукIинчIо.

- Президентас ахIараб съездалда президиумалде ахIаразда гъорлъ рехсон букIана дурги МухIу ГIалиевасулги цIар, щаялиго нуж ратичIо залалда, щиб абилеб дуца гьелда хурхун?

- Гьебги буго дирго пикру съездалда хурхун, гьелда гIахьаллъизе ккола ан хIакъикъиял халкъалъул вакилзаби ва гьезие кьезе ккола ан рагIи. Дида гьелъ кьураб хIасилги лъаларо, Халкъияб Собраниялъул сессиялдаги, чиновниказул данделъабаздаги, гьелдаги гьоркьоб кинабгIаги батIалъи букIинчIо.

- Мун официалияв гурев аваразул цевехъанлъун рикIкIаниги, цоцояз абулеб буго Хасавюрт шагьаралда дур миллаталъул тIалаб цохIо Буртунай росдадалъун лъугIулин, батIиял магIарулазе дуца кумек гьабула-

ГIелмуги къуватги цоцазда аскIоб, гьеб кIиябго кьурав цевехъан ани…

Россиялда гIумру гьабулел гIадамазул 60 процент ккола херал чагIи, лъимал ва сакъатал гIадамал. Гьезда гьоркьоса хIалтIизе бажарулев 20 млн бихьинчиясул цо млн чи вуго туснахъалда, ункъо млн чи – гьекъолди бидулъ бессарал бихьинал, жегиги ункъо млн бихьинчи хIалтIулев вуго МВДялда, МЧСалда, ФСБялда. 1 цо млн бихьинчи наркоманалги ккола.

рин. Гьеб битIараб бугищ?

- Миллионалде гIагарарал магIарулазда гьоркьоб буртунайсезул батиларо 1 процентцин, гьедин батани дун щайха цевехъанлъун рикIкIунев магIарулазул? Дуда бихьулеб буго Дагъистаналда цо чи хъулухъалда тани гьес жиндирго гIагарлъиялъул подряд гьабула хъулухъазда. Дир гIагарлъиялъул чагIи щал ругел хъулухъазда? Дица ругьун гьавурав кIицIул Олимпиялъул чемпион вуго хIалтIи гьечIого, цойги олимпиялъул чемпион дир ученикасе Дагъистаналда хIалтIи батичIо. Дир вац вукIана Сбербанкалъул нухмалъулев гьес хъулухъ тана, Буртунай росулъа цо чи гурони гьечIо дир аппараталда хIалтIулев. Гьеб рахъалъ Хасавюрталда гIадин ритIухъаб кадровияб политика кибниги батиларо. Дир заместитель вуго чачанав, шагьаралъул бакIалъул администрациялъул бетIер вуго лъарагIав, руго хутIарал миллатазулги вакилзаби. Дун цохIо Буртунай росу батIа гьабулев чи вукIаравани, цевесев президентасда гьарун МВДялъул министрлъунги, спорталъул министрлъунги дица дирго росуцоял тезарилаан. Гьенив тана цояв Гумбеталдаса, цояв ГIандиса кIиго магIарулав.

- Дагъистаналда хъулухъазда рачIунел руго цоял гугарухъаби, кIиабилел – боксалъул рингалдаса, лъабабилел цIогьал, хъачагъал криминалалъул чагIи. Мунги вачIа-на гугариялъул залалдаса. Гьеб битIун бугищ, дур хIисабалда?

- Кив ватилев Дагъистаналда гугаруларев яги спорталъулгун гьоркьоблъи гьечIел чагIи? Киналго дагъистанияз гIолохъаби ругеб мехалда байбихьула спорталдаса, гьеб лъикIги буго, гьезул цо-цоял чемпионаллъун рахъуна ва лъугьуна халкъалъул кумираллъун. Хадуб халкъ бугев чияслъидал хъулухъал росулел.

- Дуда бичIчIичIо дир суал. Щай власталъ хъулухъал спортсменазе кьолел? Нилъер цевесев президент вукIана гIалимчи, философ, гьесдаги кIвечIо хъулухъалда гIадамал гIелму лъаялде балагьун тезе. Халкъалъул рахъ босани, щай бокьарал рищиязда спорталъул мастер лъикI вищулев гIелмабазул докторасдаса?

- ГIелмуялда цадахъ гIамал, чIаголъи, бихьинчилъи бугев кандидат вугони вищула халкъалъ, цохIо гIелму гIоларелъул. Цере совет пачалихъалъул заманалда, гIадлу бугеб мехалда, чи толаан лъаялде балагьун. Улкаги биххун, демократия абун бокьарас бокьараб гьабулел соназда тIалъи бищиялъул ихтияр щвана халкъалъухъе. Гъол цересел гIалимзабазул гIечIо чIаголъи хадуб халкъ цIазе, политикаялъул аренаялде рачIана чIагоял, жидехъ гIадамал гIенеккизарун бажа-рулел чагIи. БатIиял чагIазда кIоларoан дол соназда халкъ данде бачине. Гьеб буго 90 абилел соназул хутIел, соназул тарихал хисаниги нилъ добго даражаялда хутIун ругелъул. ГIумруялъул рахъалъги, бичIчIиялъул рахъалъги.

- Цевесев президент МухIу ГIалиевасул рахъ кколев чи вукIана мун, жакъа кинаб бугеб гьоркьоблъи?

- Президентлъиялдаса аралдаса дида гъов вихьичIо, амма МухIу вукIана лъайги бугев, гIакълуги бугев, лъилниги асаралда гъоркьги гьечIев вацIцIадав чи. Дун гьесие хIажалъани жакъаги бокьараб къоялъ хIадурарав вуго гьесие кумекалъе вахъун чIезе, гьев гуревги бокьарав магIаруласе гIоло.

- Интернеталда тIибитIараб «Левашинская капуста» абураб хъвай-хъвагIаязулъ киназдего гIагарун чиновникал руго, щаялиго ГIумаханов гьечIо гъова. Мун гIайибго гьечIев чи вукIунищ, ялъуни кинаб баян кьелеб дуца гьелъие?

- Дунги рехсон вуго гъова, лъабабилелда, дир вацги вуго. Гьениб хъвараб жоялъул гIемерисеб битIараб буго, хъвай-хъвагIаялда нахъа цIарги хъван букIарабани дица гьев чиясул рахъги кквелаан, кьабун кверги босилаан.

- Гьелда хадуб Хасавюрт батизе бегьулин абулеб пикруги буго.

- ГьечIо гьелда хадуб Хасавюрт, букIарабани цIар хъвалаан рагьун. Балагьараб мехалда я гьев автор, яги гьесие информация кьолев чи гъозда жанивго вуго. Масала, кин дида ва дир сверухълъиялда лъалеб МухIамадсаламил эбелалъ гъозул рокъов щварав хIакимасул рахъалъ бицунеб жо. Гьеб гурелги руго, гъозул горсвериялда гурони лъазе рес гьечIел бакIал.

- Дур цо-цо гIагарал чагIи рохьилазда гъорлъ ругин хъвалеб буго интернеталда. Гьелда хурхун щиб абилеб дуца?

- Гьеб чIезабе абе ихтиярал цIуниялъул оргаганаз, нижее рохь щай, щивасул рукъзал руго.

-Дагьаб цебегIан гIуцIана аваразул культурияб автономия, кинал масъалаби ругел гьелда цере, культурайищ гьеб, политикайищ, ялъуни гьебги заманалдаса ХъахIаб рукъгун къотIабиги гьарун биччан тезе бугеб жойищ?

- Гьеб дуца ахиралда абулеб жо мухIканго абизе кIола, гьедин букIине гьечIо. Автономиялъул аслияб масъала буго авар миллат Дагъистаналда бугеб, Россиялда бугебги, Азербайджаналда, Грузиялда, Турциялда ругел цолъизари, цоцазулгун бухьен гьаби.

Нилъер миллияб культура, мацI, литература, тарих цIи гьаби, гъоб лъазаби, нилъер бахIарчиял умумуз нахъа тараб нухдаса таричIого рикьичIого, жакъа цо-цо провокаторазда гIенеккун цезалин, гIандиселин, гIахьвалалин, казбекалин гьарулел рикьалабазе ахирги лъун церехун ине. Нилъер лъилго гьечIел гIадал мисалал руго наслабазе рихьизе - КIудияв ГIумаханги, имам Шамилги, ГIабдурахIман Даниялов гIемерал цогидалги.

Политикаги нилъеца кин реххун телеб, политикаялъ нилъго толареб мехалда. Къокъ гьабун абуни, автономиялда цебе букIине буго кинабго рахъалъ миллаталъул тIалаб гьаби.

- ЦIидаса ракьалда гIумру гьабизе виччан вукIаравани щивлъун вукIинаан ГIумаханов, дуца гьабураб хIалтIул сундаса мун чIухIулев ва щиб гьабичIого хутIараб?

- Гьабун бахъараб жоялдаса дир ракI киданиги бухIуларо, тIад вуссун гIумру гьабизе виччаниги гьавго чи вукIинаан, амма дун кIиго нухалъ ракьалъе хIажат вугищ, гьечIищали дида лъаларо, гьабураб хIалтIул рахъалъги, гьабичIого хутIаралъулги гIадамаз бицине тела.

- Жакъасеб ахIвалхIалада бищунго Дагъистаналъе нухмалъиялъе мустахIикъав чилъун щив дуда вихьулев, вугищ гьав хутIаразда тIокIав вугин, цIар чIвазе бегьулев гIадав чи?

- ГьабсагIат дица Сулейман Уладиев абуни, дуца абизе буго, нахъойги буртиял кколел ругин… (велъулаго, гара-чIвари гьабулаго тIаде вачIун вукIана С. ГIумахановасул заместитель С. Уладиев - **ред**.)

- Абизе гьечIо, дица лъагIелалъ цеве цо макъалаялда вихьизавун вукIана гьев бегьулезда гъорлъ, гьев вуго жакъа спортсменаздаса гIуцIараб политикаялъулъ цохIо вугев гIалимчиги, жамгIияв хIаракатчиги.

- Президентлъун вукIине мустахIикъав ва Дагъистан хвасар гьабулев чи чара гьечIого жакъасел хIакимзабазда гъорлъа вукIине кколаро, гъов ватизе рес буго бокьараб магIарал росулъ жакъа, жеги загьирлъичIого. Тарихалда гьелго щинал цIар рагIарал, гIакъилал, бахIарчиял гIадамал кьураб миллаталда гъорлъ камун рукIунаро гьунарал.

Дагъистан гIуцIизеги цIунизеги биги гIетIги тIураб миллат рикIкIад гьабиялъул жеги дандерижи букIина, гьединаб къагIидаялда политика гъос гьабуни кин дир ва дир миллаталъул гъосдехун лъикIаб бербалагьи букIинеб?

Дун бицинищ цо мартла?..

«Корпоративо кушвах ашшло ва ахем зерхала»

В. Абонченко

- Дада, лие марту бицe, – ин вачIун дица аскоВ ветун чIана дир вас Гьазимухламал. Дица тексие рухIалатIабазулги, хъарагIулги, нартазулги исена хасало бицине нахье марту тун бугинчIо. ЦIиве марцIуги уртуруго бицине байбихьана, тъеВ кижун кеванда хъутун. ХIукму кана тексда бичIчIараде хIалатIун чIамутI тIабазе, тъедин хехго макьу речIчIитин. Ниттъеда, чIахIивадIаги, макьу речIчIулечIун цо-цо мална тъечIел докIадатун нунубегIал цере рахъараде.

- Мун тъавурав сон бугана дир вас, Дагьистанальте нухмалги табуллеб бугана хъижалье рухIган жив хирив, мачIхIагIтIан жив вацIцIав Мухламалги кIудица. ЦIакъ тъарзав, бечеда сонал рукана, тезевизорлъун экрана тексун сурат царкъараде шакъраХунав хъижь тексдехун бугеб хIалтIулев. Амма цо квешаб тIамал бугана кIудин, цибаб ихIал вагьарунав живги херлъун вугин, гIолохъабазе нух кьезе кеГин хъугIхъалда нахье инеВ. Хъижьалъ нахье вичIчIараде гIараде, лъугIунав конституциялда квалкьавлие, кIиго гIалеГиалъ цеб бачIунав бойжав, жинлие хъугIхъ хIажет тьечIин рецIизе кажал какалги тун. Тес гIадамал жицIго гIараги кIун тоIаав хъугIхъазда, хасго нечIо тьев малгIурзазда, хIалихIда тьеги тун, бицIун заХлатаб хъугIхъазда министрлъугIун, шагьаразун бугIлъун жицIриго гIагарлъиялъул ва миллаталъул чагIи тоIаав. Нитьеразун цо ХIажи Махачев гурони тес гIакъIба кIурав чи кеччо, нарт бахьизе кколаро, гъов гIалмуна мэрги тьаВ. Махлахъалалие нухмалги гьабуна Сайд-дадица. Тьеги сихIалъ гIараги кIун гIамуна мэрги гьабие, гIоIое вичIчIараВ, гIадатив битIахье малаик гIадав чи. ГIадамазул гIаба гьабун рокьо рокьое шоIаав, канлъиницца тьечIеб хинлъицца гIоIаре бабуги, дица лъагIелалъ цеве цо Гьаб макьу ГIадав чи. Дун гьесие хIажалъани жакъаги бокьараб къоялъ хIадурарав вуго гьесие кумекалъе вахъун чIезе, гьев гуревги бокьарав магIарулаСе гIоло.

- Интернеталда тIибитIараб «Левашинская капуста» абураб хъвай-хъвагIаязулъ киназдего гIагарун чиновникал руго, щаялиго ГIумаханов гьечIо гъова. Мун гIайибго гьечIев

ва билгIакса

(ацIале гъоркьа)

- Мун тъавурав сон бугана дир вас, Дагьистанальте нухмалги табуллеб бугана хъижалье рухIган жив хирив, мачIхIагIтIан жив вацIцIав Мухламалги кIудица. ЦIакъ тъарзав, бечеда сонал рукана, тезевизорлъун экрана тексун сурат царкъараде Махлачев «Чегтерав ашик» абурав макьалги хъвав. Дунив тъехьги тезе бугана. Гьаибадов ав Бакьалечин ва Мухламалрасун ХIабин абурал муршидазабазулъ хатмулие хъвадалъ книлан хъвадарухьабан, поIтал Бунакский кьоцIноб бугана ацIцIав. Гьеб тIалдамал жицIго тIаравги кIун тоIаав хъугIхъазда, хасго нечIо. Гьеб малгIурзазда, хIалихIда тьеги тун, бицIун заХлатаб хъугIхъазда министрлъугIун, шагьаразун бугIлъун жицIриго гIагарлъиялъул ва миллаталъул чагIи тоIаав. Нитьеразун цо ХIажи Махачев гурони тес гIакъIба кIурав чи кеччо, нарт бахьизе кколаро, гъов гIалмуна мэрги тьаВ. Махлахъалалие нухмалги гьабуна Сайд-дадица. Тьеги сихIалъ гIараги кIун гIамуна мэрги гьабие, гIоIое вичIчIараВ, гIадатив битIахье малаик гIадав чи. ГIадамазул гIаба гьабун рокьо рокьое шоIаав, канлъиницца тьечIеб хинлъицца гIоIаре бабуги, дица лъагIелалъ цеве цо Гьаб макьу ГIадав чи. Дун гьесие хIажалъани жакъаги бокьараб къоялъ хIадурарав вуго гьесие кумекалъе вахъун чIезе, гьев гуревги бокьарав магIарулаСе гIоло.

- Цевесев президент МухIу ГIалиевасул рахъ кколев чи вукIана мун, жакъа кинаб бугеб гьоркьоблъи?

- Президентлъиялдаса аралдаса дида гъов вихьичIо, амма МухIу вукIана лъайги бугев, гIакълуги бугев, лъилниги асаралда гъоркьги гьечIев вацIцIадав чи. Дун гьесие хIажалъани жакъаги бокьараб къоялъ хIадурарав вуго гьесие кумекалъе вахъун чIезе, гьев гуревги бокьарав магIарулаСе гIоло.

- Интернеталда тIибитIараб «Левашинская капуста» абураб хъвай-хъвагIаязулъ киназдего гIагарун чиновникал руго, щаялиго ГIумаханов гьечIо гъова. Мун гIайибго гьечIев чи вукIунищ, ялъуни кинаб баян кьелеб дуца гьелъие?

- Дунги рехсон вуго гъова, лъабабилелда, дир вацги вуго. Гьениб хъвараб жоялъул гIемерисеб битIараб буго, хъвай-хъвагIаялда нахъа цIарги хъван букIарабани дица гьев чиясул рахъги кквелаан, кьабун кверги босилаан.

- Гьелда хадуб Хасавюрт батизе бегьулин абулеб пикруги буго.

- ГьечIо гьелда хадуб Хасавюрт, букIарабани цIар хъвалаан рагьун. Балагьараб мехалда я гьев автор, яги гьесие информация кьолев чи гъозда жанивго вуго. Масала, кин дида ва дир сверухълъиялда лъалеб МухIамадсаламил эбелалъ гъозул рокъов щварав хIакимасул рахъалъ бицунеб жо. Гьеб гурелги руго, гъозул горсвериялда гурони лъазе рес гьечIел бакIал.

- Дур цо-цо гIагарал чагIи рохьилазда гъорлъ ругин хъвалеб буго интернеталда. Гьелда хурхун щиб абилеб дуца?

- Гьеб чIезабе абе ихтиярал цIуниялъул оргаганаз, нижее рохь щай, щивасул рукъзал руго.

-Дагьаб цебегIан гIуцIана аваразул культурияб автономия, кинал масъалаби ругел гьелда цере, культурайищ гьеб, политикайищ, ялъуни гьебги заманалдаса ХъахIаб рукъгун къотIабиги гьарун биччан тезе бугеб жойищ?

- Гьеб дуца ахиралда абулеб жо мухIканго абизе кIола, гьедин букIине гьечIо. Автономиялъул аслияб масъала буго авар миллат Дагъистаналда бугеб, Россиялда бугебги, Азербайджаналда, Грузиялда, Турциялда ругел цолъизари, цоцазулгун бухьен гьаби.

Нилъер миллияб культура, мацI, литература, тарих цIи гьаби, гъоб лъазаби, нилъер бахIарчиял умумуз нахъа тараб нухдаса таричIого рикьичIого, жакъа цо-цо провокаторазда гIенеккун цезалин, гIандиселин, гIахьвалалин, казбекалин гьарулел рикьалабазе ахирги лъун церехун ине. Нилъер лъилго гьечIел гIадал мисалал руго наслабазе рихьизе - КIудияв ГIумаханги, имам Шамилги, ГIабдурахIман Даниялов гIемерал цогидалги.

Политикаги нилъеца кин реххун телеб, политикаялъ нилъго толареб мехалда. Къокъ гьабун абуни, автономиялда цебе букIине буго кинабго рахъалъ миллаталъул тIалаб гьаби.

- ЦIидаса ракьалда гIумру гьабизе виччан вукIаравани щивлъун вукIинаан ГIумаханов, дуца гьабураб хIалтIул сундаса мун чIухIулев ва щиб гьабичIого хутIараб?

- Гьабун бахъараб жоялдаса дир ракI киданиги бухIуларо, тIад вуссун гIумру гьабизе виччаниги гьавго чи вукIинаан, амма дун кIиго нухалъ ракьалъе хIажат вугищ, гьечIищали дида лъаларо, гьабураб хIалтIул рахъалъги, гьабичIого хутIаралъулги гIадамаз бицине тела.

- Жакъасеб ахIвалхIалада бищунго Дагъистаналъе нухмалъиялъе мустахIикъав чилъун щив дуда вихьулев, вугищ гьав хутIаразда тIокIав вугин, цIар чIвазе бегьулев гIадав чи?

- ГьабсагIат дица Сулейман Уладиев абуни, дуца абизе буго, нахъойги буртиял кколел ругин… (велъулаго, гара-чIвари гьабулаго тIаде вачIун вукIана С. ГIумахановасул заместитель С. Уладиев - **ред**.)

- Абизе гьечIо, дица лъагIелалъ цеве цо макъалаялда вихьизавун вукIана гьев бегьулезда гъорлъ, гьев вуго жакъа спортсменаздаса гIуцIараб политикаялъулъ цохIо вугев гIалимчиги, жамгIияв хIаракатчиги.

- Президентлъун вукIине мустахIикъав ва Дагъистан хвасар гьабулев чи чара гьечIого жакъасел хIакимзабазда гъорлъа вукIине кколаро, гъов ватизе рес буго бокьараб магIарал росулъ жакъа, жеги загьирлъичIого. Тарихалда гьелго щинал цIар рагIарал, гIакъилал, бахIарчиял гIадамал кьураб миллаталда гъорлъ камун рукIунаро гьунарал.

Россиялда гьарулел лъималазул 30 процент буго къватIулъа. Гьедин улкаялда санайилго 8 миллион аборт гьабула. Гьезул 1,5 процент кватIун гьарурал абортазда гьоркьоре уна. 90 000 – гьеб ккола гIарцухъ чIварал лъималазул тIолабго шагьар. ВЦИОМалъ гьарурал цIех-рехазда рекъон, россиялъулазул 60 проценталъул гьечIо жидерго лъимал, гьел гьаризе ракIалдаги гьечIо.

ЦолъичIого чIеларин лъугьарал аваралги Абубакарги

ГIизудинов ХIамзатил сурат.

ХъахIаб рукъ разияб тадбир - аваразул гIелмияб ва интеллектуалияб «элита» дугIа-алхIамалда…

Аваразул масъалаби гьоркьор лъезейин гъоркьисала ноябралдаса нахъего хIадурулеб букIараб конференция МахIачхъалаялда 26 маялда тIобитIана. Амма ракIалдаго гьечIого гьеб кIийиде бикьана.

Цо халкъ республикаялъул тахшагьаралда, цогидаб халкъ Хасавюрталда данделъана. Гьениб тIобит1улеб бук1ана жамг1ияв ва политикияв х1аракатчи Сулайман Уладиевасул нухмалъиялда гъоркь Дагъистаналъул гражданазул союз г1уц1иялъул тадбир. МахIачхъалаялда хутIарал аварал данделъана Журналистазул Минаялъуре. Божилъи гьабизе бегьулел чагIаз бицана гьеб данделъиялда тIад унел харжал (къадиквенги гIадамал данделъизе залги) Журналистазул Союзалъул нухмалъулев ГIали Камаловас кьолеб бугилан цIанила АхIмад МуртазагIалиевас (филологиял гIелмабазул доктор) гьенире гIадамал. Гьелдалъунги бихьулеб бугин аваразул рагIи дандеккунгутIиян кIалъана гьеб данделъиялда гIодов чIарав цо аварав. Амма жиндаги бичIчIичIин гьелъул магIна, байбихьудаго къотIи гьанире ракIаризе букIанин жаваб кьуна А. МуртазагIалиевас гьесие.

- ЛъикIалде бачIина аб. Сундасан бугониги байбихьизе ккола. Цо-цо мехалда мекъиги уна гьаб. Рес бугесда, гIарац бугесда аскIоре унеб къагIидаги букIуна. («Щолеб жоян буго жиран щинаб кIал», - илан абун гьечIищха кочIолъ - авт.) **Амма гIарац буголъиялъги рес буголъиялъги гуро жакъа Дагъистан хвасар гьабизе бугеб. Дагъистан хвасар гьабизе буго лъайги гьунарги бугел чагIаз. (Щибниги щаклъи гьеч1оан гьал раг1абазул авторасул гьеб гьунарги лъайги бугев чи живго вук1иналда. - авт.) Нужецаго хIисаб гьабе, «Интеллигенциялъул конгресс» илан цо гIадамал тIад релъулеб жо гьабуна дагьалъ цебе университеталда. Аслиял мафиозиялги рукIана сценаялда гIодорчIун, ГIумар ГIалиевичасдаса байбихьун… Жакъа рагIи абизе ккола тIоцебе гIалимзабаз, хадуб журналистаз,** - гьедин жаваб кьуна дов залалда гIодов чIарав магIарулесе Журналистазул союзалъул нухмалъулев ГIали Камаловас.

Гьесул рагIабазда рекъон, «чанги чи вачIунаан гьениве гьеб къоялъ ДРялъул Халкъияб Собраниялъ сессияги гьабичIебани, Сайгидпаша ГIумахано-вас Хасавюрталда автономияги гIуцIулеб букIинчIебани (Хасавюрталда данделъи букIана жамгIиял ва политикиял гIуцIабазул гражданияб союз гьабиялда хурхун), БакIалъул нухмалъулезул цолъиялъул председатель СагIид Амировас районазул бутIрулги данде гьаричIелани, дора киралиго аварияльги ккун гIадамазе къварилъабиги ккечIелани».

Миллаталъул суал гьоркьоб лъезеян Журналистазул минаялъуб ахIараб гьеб данделъи ГIаймакиса Абубакар гьавуралдаса 300 сон тIубаялда хурхинабуна гIалимчи АхIмад МуртазагIалиевас. Хадуб цо аспирантас гIезегIан мухIканго бицана Абубакар гьавураб, гIураб бакIалъулги, гьес гIелмуялда тараб лъалкIалъулги. ГьанжелъагIан лъаларел рукIарал цоцо жалги баянлъана гьесул рахъалъ. Масала, Абубакар хIакъикъаталда ГIаймакиса гурев, Хунзахъ районалъул БуцIраса гьениве гочарав чи вукIун вуго.

Хадур кIалъарал тарихчагIи ХIажимурад Доногъоцаги, Юсуп Дадаевасги, ХIайбула Малачихановасги, Хунзахъа Хъазанбиев ГIалибегицаги бицана некIо аваразул кина-кинаб ярагъ букIарабалиги, гIурус пачаясул заманалда аваразул чотIахъабазул хасаб къокъа букIинги, амма гьелъул нухмалъиялда киданиги аварал тунгутIиги, бицана гьедингo некIо жамагIатаз гIадамазул рукIа-рахъин хасаб низамалда чIезабун букIинги. ГIицIго имам Шамилица гIуцIараб пачалихъалда гурони букIинчIин магъало кьолебги, ракьал хIалтIизарулебги, цогидаб гьабулебги битIараб къагIидаян кIалъана Ю. Дадаев. Масала, магъала бечедаздаса цIикIкIун, мискиназдаса дагь босулаанила, гьанже Россиялдайин абуни киназдасаго цого роцада – 13 процент - босулила.

Гьедингo залалъур бащадалниги бакIал чIорого щайин ругел, хутIарал аварал кьижунищ ругелин суалги лъуна XI. Доногъоца.

Гьоркьосанго аваразул «ХIакъикъат» газета хъвалеб гье-чIолъиялъул бицинабизе цеве ахIана УФПСалъул начальник Хъарагишиев УхIумаги. МиллионгIан аварас гIумру гьабулеб Дагъистаналда гьеб газета гIицIго анцIазарго чияс гурони хъван гьечIин бадирчIваял гьаруна гьес. Гьезулги 90 процент херал чагIи кколила. Хъвазе ккани, газеталъул магIнаги лъикIаб букIине кколин ахIана гIодорчIаразул цояс. Жал гьелда тIад хIалтIилин рагIун-рагIула-реб куцалда жаваб кьуна газеталъул бетIерав редактор ГIали Камаловас.

ПалхIасил, цогидал миллатазда дандеккун жакъа Дагъистаналда аварал беццилеб хIалалда гьечIолъиялда тIасан кIалъана гIицIго Зикрула Илясов (ДРялъул миллияб политикаялъул, диниял суалазул ва къватIисел бухьеназул министрасул заместитель).

Гьес бицана рикь-рикьун ругони, миллаталда хурхараб кинаб букIаниги суал тIубаялъе нилъее квалквал ккезе букIиналъулги, гьединлъидал киналго аварал цо цевехъанасда хадур рилълъине ккеялъулги, миллаталда гьоркьоб цолъи бугони, Дагъистаналда киналго миллатазда гьоркьобги гьеб букIунеблъиги, кигIан цогидал ахIданиги, гIатIиракьазде рахъинчIого магIарулал тIуран-гутIиги, гьединго бечедал аваразмискинал миллатцоязда кверчIвазе къваригIун букIинги, цогидабги. Миллат бокьиялъул мисал лъарагIаздаса босизе бегьулинги бицана гьес (интернеталда гIуцIун ругила жидерго сайталги, басмаялда рахъулел ругила жидерго миллат цебетIезабулел чагIазул хIакъалъулъ литератураги). Амма гIелмиябин абулеб гьеб конференциялъул гIахьалчагIаз ДРялъул президент МухIамадсалам МухIамадовасде гьабулеб хитIаб хIисабалда гьенир рикьарал тIанчазда бицунеб гьечIоан З. Илясовас рехсаралги цогидалги масъалабазул. КIиго чи данделъараб бакIалда къанагIатги хутIуларин жакъа къоялда аварал хъулухъазулги цогидалъулги рахъалъ нахъе кьабун рукIиналъул бицинчIого.

ПалхIасил, щаяли, цогидал суалалги нахъа рокъоре ккезарун, конференциялъул гIахьалчагIаз президентасде ахIи балеб буго хасаб законги къабул гьабун, гIицIго авар мацI цIунизе квербакъеян.

Конференциялда лъун бугоан бачIинахъего бичIчIизе захIматаб гIадаб цIарги: «Аварцы: общественно-политический и этнокультурный контекст».

Абухъего, дов Абубакарил хабарги къотIана къокъидаго.

Гьел гIадан хадув гъоларел докладазда конференция наго нуцIихъа къвалакь аргъангун МухIамадТIамир Синдикъовги ваккана. Гьесда ХIамзатил Расул хвеялде гьабураб кечIги ахIизабун, къо къалъидал ГI. Камаловас гIадамал чай гьекъезе рестораналде рачун ана. Хадуб ккаралъул жаваб кьезе кIвеларо.

Гьелъул жавабиялин данделъи ахIарал чагIазул хал гьабун, аваразда ракI гурхIана...

хасаб пикру

Цойгиги съездги союзги

Кьижун бугеб яхI борчIизаби-зе замана тIаде щун бугин кIалъана 27 маялда Хасавюрталда батIи-батIиял жамгIиял хIаракатчагIи. Хъулухъги гIарацги бугел гIадамаз полициялъул хIалтIухъан ватаниги, хIалтIи гьечIого рокъов гIодов вукIун вугев ватаниги, бокьарав чиясе цого куцалда гьарулел ругила квекIенал. Къойилго гIадин тIагIунел, чIвалел ругила гIадамал, рищиязда сверухъ гьарулел ругила мекъал хIаял – амма гьебги квеш букIун къватIиве вахъунев чи гьечIила.

Гьеб киналъулго суал дандбазе «Дагъистаналъул гражданияб союз» абун цIияб цолъи гIуцIизе кколин абуна гьениб. Кинал масъалаби рук1ине ругел гьеб ц1ияб г1уц1иялда цере, лъаг1ел бахъун гьеч1о араб соналъ ах1араб т1олго дагъистаниязул съезд т1обит1аралдаса. Бук1араб данделъиялъул ва х1исабалде босаралда т1аса «Миллаталъе» гьадинаб баян кьолеб буго «Дагъистаналъул гражданияб союз» г1уц1иялъул нухмалъулев **Сулайман Уладиевас**:

- Доб съездалъулги хIасил кинаб ккарабали лъала нилъеда. Гьаб мажлисалъулги цIияб союзалъулги мурад тIубан батIияб буго. Аслияб куцалда къваригIун буго Дагъистаналда лъугьунеб лъикIаб-квешалда хадуб халкъияб хъаравуллъи чIезабизе. Бугеб куцалда ине биччан тани, гьаниб тIадчагIаз 12 гIасруялда Чингисханица гьабулеб букIанщинаб жо гьабула. Масала, кватIичIого тIоритIизе руго Пачалихъияб Думаялде рищиял. Гьенир кандидаталлъун гьаз рихьизаризе руго берцинго хъвай-цIализеги лъаларел, бандаллъунги рукIарал, халкъалъул ургъелги гьечIел цого чагIи. Нижеда ракIалда буго гьениве кандидатлъун гьеб цIияб союзалъул чанго вакил вихьизавизе. Амма тIадчагIаз гьел гьенире къазе теларо. Гьеб мехалда бихьила нилъеда кинаб халкъ ва хIукумат нилъер бугебали.

ЦIияб союзалда гъорлъе унго-унгоги лъайгIакълугун яхIги халкъалъул ургъелги бугел чагIи цIазе къваригIун руго. Гьабураб хIалтIухъ гьезие лъицаниги харжги, медал-киласги кьезе бугищ? ГьечIо. Ричун гурони гьел шапакъаталги кьолел гьечIин гьанже. ГьабсагIаталда нилъер хIукуматалъул кинабгIаги идеологияги гьечIо. КIванагIан бикъизе, хъамизе, гьав чIвазе, дов цояв къвагьизавизе – гьеле нилъер чиновниказул идеология. ЦIияб союзалда гъорлъе рачIинехъин ругел вакилзабазулин абуни буго жидерго идеология. «Агьлу-Сунна ва джамаа» гIуцIиялъул мисалалда бицани, гьеб идеология ккола ислам.

Рехсей гьабулеб тадбиралда хурхун гьадинаб буго пикру данделъиялда гIахьаллъарав шагIир **ГIадалло ГIалиевасул**:

- Дун гьенив кIалъачIо. Амма цеве вахъун вукIаравани дида ракIалда букIана гьадин абизе. Цин хIисаб гьабизе ккола гъоркьисала 15 декабралда тIобитIараб Дагъистаналъул халкъазул съездалъул хIасилазул. Цойги, гъоба бицунеб букIана республикаялда гIала-гъважа гIемерлъун букIиналъул (рохьилазулги полициялъулал чIваялъулги). Гьединаб сурат лъугьун букIана Чачаналда тIоцебе рагъ байбихьилалде цебеги. Дораги гIемерлъун рукIана киса-кисаго рачIунел инсанасул ихтиярал цIунулелги, журналисталги, цогидалги…ГьабсагIаталда Дагъистаналдаги дагьал гьечIо гьел. Гьедин бегьуларин, рекъел къваригIунин абулеб буго гьез, нилъ цоцаде тIаде кIанцIизе хIадурун ругел кинигин. Ахирги гьезие къваригIун батула гьалейинха, гьаранин, абунин гIодориччаян, гьеб бичIчIичIинха гьаздаянги абун Дагъистаналда лал тIамизе. Гьедин ракIалде кколеб буго дида.

Дагъистаналъул гражданияб союз гIуцIиялда бараб данделъи кватIичIого МахIачхъалаялда ахIизе буго. Гьелда гъорлъе лъугьине рес буго унго-унгоги республикаялъул гIумруялда ракIунтарав бокьарав чиясул.

2008 соналда Грузиялъулгун Россиялъул букIараб рагъул щуго къоялда жаниб Россиялъул БахIарчиясул цIар кьуна 19 чиясе (гьебги тIатун кьурал, балъго щваралги ратизе рес буго). Гьезул анлъгоязе гьеб щвана хун хадур.

Аваразул пашманлъи – авар мацI лъачIел лъимал

«ХIакъикъат» журналалъе макъала хъваян дида абуралдаса гIезегIан заман ана. Щибниги хъван бажаричIо, цониги пикруги бачIинчIо ботIролъе, сундул рахъалъ хъвалеб? Цин рачIуна пикраби жакъа аваразул мацIги миллатги ккун бугеб инжитаб хIалалда тIаса, гьелъул рахъалъ хъвазе рекъон гьечIо ва макъалаялъ хисизе жо бихьуларо, хадубго цебе бачIуна аваразул тарих, рахъарал гьунарал, миллаталъул къадру цIунун рагъулъги цIадулъги Дагъистан цIунун ва гьеб гIуцIун къеркьарал бахIарзалгIалимзаби, шагIирзаби, рагъухъаби, церехъаби гьезул рахъалъ гIемер хъвана, абуна, кочIолъ ахIана рагIул устарзабаца. Дица тIаде жубазе жо хутIун бихьуларо. Макъала хъвазе кколеб буго, щибниги хъвазе гIураб жо жакъа аваразул гьечIин абураб темаялда тIаса. Гьебги тIубанго цIалдолезе хIажат бугищали лъаларо, хъвалеб буго дие тIад къай кьурав журналалъул редактор, поэт МухIамад ПатахIовасухъе.

Цере шагIирзаби рукIунаан дихъ гьоболлъухъ. Бищунго дие хIалхьи толарев, дир гIумруялъулъ пикрабалъ гIемер бакI кколев чилъун вукIана Расул ХIамзатов. Гьесул кочIол гъасда гIемерал сардал рогьана дица. Гьанже гьевги къанагIалъана, дол батIибатIиял жилдазул, гIемер кодоре росиялъ тIутIурал, тIогьиллъарал тIахьалги регун хутIана. Дозулъ цо батIияб хинлъи букIана. Гьел хисана телевидениялъ интернеталъ, компьютераз. Дунялги гIадамалги хисун руго, ПатахIов, жакъа. Дуда ракIалда батила цебе цоцахъе хъвалеб кагътилъ букIараб хIеренлъиги хинлъиги, гьел хисана телефоназ. Дица духъе гьаб хъвайхъвагIайги гьединго битIулеб буго. Телефон санагIатаб буго, амма гъолъул асар гьечIо кинабгIаги. Кагъат хъвалаго гьениб жаниб ракI лъураб гIадаб хинлъиги рокьиги букIана. БитIахъе жакъа хъвараб гIадин ракIалдае рачIана кагътазул хIакъалъулъ Расулил кочIол мухъал:

Дихъе гьаб гIумруялда
ГIемерал кагътал щвана,
Амма цо кагъат буго
Кидаго кIочонареб:
«Дунги цIалулей йиго,
ЦIадабе цIадги буго».
ТIокIаб щибго хъван гьечIо
ТIокIаб щибго кIваричIо…

Данде ккве дуцаго жакъа телефоналъ гьабулеб рокьуда данде гьал мухъазулъ бугеб хинлъиги, рокьиги, берцинлъиги, гIадатлъиги, магIаруллъиги.

Дида ракIалда руго дир кIудияй эбелалъ цIунараб фронталдаса вацас хъвараб кагъат, гьениса цо-цо мухъалги рехсон бацIцIунеб магIу. Гьеб кинабго гьечIо жакъа, гьеб биларабе механда лъугIулеб батула асарги, щущалел ратула пикрабиги.

ЛъагIалидасаги заман батила дица МахIмудил тIехь рагьичIелдаса, ЧIанкIал тIехь билана. Инхоса ГIалихIажияв кIудияв шагIир вугин абула, дирго пикруялъул загIиплъи батила, дие гьес асар гьабичIо. ГIакъиллъи ва гъварилъи гьесул кучIдузулъ букIинчIого рес гьечIо, амма диего насихIаталдаса ва битIахъе кьолеб гIакълуялдаса шагIирас суал кьеялъ асар гьабула. ЦохIо рокьул кечI букIана дие гьесул бокьулеб, гьебги ГIалихIажияс Адаллохъа бикъараб батана. Гьедин чIезабулеб буго Идрисов МухIамад абурав чияс. Дунги квешго какана гьес нужер газеталдаса мекъи хъвадарулев вугин. Гьев тIаделъаралдаса гIодоб лъун букIараб къалам къо лъикIги гьабун, жакъа къватIибе бахъизе ккана. Кин бугониги поэт хIисабалдаги, гьудул хIисабалдаги дуца кьураб тIадкъай тIубазе гIураб пикруги гьунарги гьечIолъиялда бан, гIайиб чуризе гIадин къулизе ккана кагътиде.

Гьаниб букIине гьечIо чIван къотIараб тема, дица хъвалеб буго ракIалде бачIанщинаб жо. РакIалде бачIанщинаб хъвангIаги жакъа цоцояз инкар гьабун реххун тараб, бесдаллъараб нилъер авар мацI цIунизегIаги букIина гьаб хъвайхъвагIай. Жакъа жал аварал гурин керен буххулел бахIарзалги раккун ругелъул. Лъица гьел хIали-ца аваразда гьоркьор ккун ругелали бичIчIуларо кинго. Дагьаб цебегIан «Республика» газеталдаса цIалана АхIмаднабиев абурав чиясул ЮНЕСКОялде лъаларо, ООНалде лъаларо хитIаб гIахьвалал аваразда нахъе риччаян. Лъица гьев аваразда гъорлъ чIезавун вугев дида лъаларо. Гьеб рагъа-рачари рагIун хъван букIун батила Расулица:

«Дун гьаб гIаламалъе гIаммаб кечIилан
ГIахьвалал жидее хасаб гимнилан…» абурал мухъалги.

ГIемерал бахIсалги дагIбаялги рагIана гьелда тIаса, бихьуларо кинабгIаги хIажалъи гьел хIалица аваразда гъорлъ чIезаризе. Жал магIарулаллъун рикIкIунел нилъгун рукIина, хутIаразе нух битIайги кIудияб дуниялалдеян тани гурони батIияб нух бихьуларо. Цере аварал ссиялда ругеб механда рагIун букIинчIо дида гьездаса инкар гьабулел хитIабал. Гьев чармил хIобода хIедул гулби речIчIулев «бахIарчиясул» «кIкIараллъиялда» щибниги дагIба гьабилароан, гьев нахъе ун кIкIаралазе гIезеги, аваразе хвезеги щибниги жо дида бихьуларо, амма аварал абураб миллат гьечIин гьес абурабго тамашалъи гьабуна, гьес абулеб битIараб бугодаян рекIелъе хIинкъиги реххана.

Аварал рукIанаян ракI чIун абизе кIола нилъеда, жакъаги ругоян абулел чагIиги ратилин ккола,хадурги нилъ рукIине ругоян абизе кIолев чи чан ватилев жакъа? Нилъ рукIине ругоян хъвана поэтас:

Гьаб векалъул тарих, хадуб магIарухъ,
Хунзахъги, ЦIадаги цIалулеб механалъ
Дир цIар киб букIинеб? чIваралъ, хваралъищ,
Я хабар лъачIого тIагIаразулъищ?
Гьелъул пикру гуро гьаб сагIат бугеб
Дир ургъелал руго мугIрул халкъалъул
Ханжарги тIамурги магIидаги бан
Мун бихьула дида даим чIагоялъ.
Доб Петербургалда пача сорараб
Гьундухъ бусабазда шагьал тIуркIараб
МагIарулас жакъа жиндирго тIохда
ТIагърикьаги бахъун цIала хъалиян…

ПасихIго абун буго, гIужилго абун буго, пайда щиб?.. ХIатта гьал мухъал хъварав шагIирасул рокъобцин аваразул калам къотIана 50 соналъ цебе, СССР ссиялда бугел соназда эбелалъул мацI лъангутIи церетIейлъун рикIкIунаан, жакъа гьесул наслабазда авар мацI лъалаго. Гьелъул рахъалъ хъван букIун батила живго шагIирасги хвалда цересел соназда:

«Гьегьал чваххияца дида тIад лъураб
ТIагъур мехмехалда хисун батана…», - ян.

Гьел лъималазе мухъ гьезда бичIчIуларел кучIдул сайгъат гьаруна поэтас, жиндирго лъималазе хъварал кучIдузухъ пачалихъалдаса гонорарги босана. ГIемерал хисана дол соназ авараз тIагърал, тIадехун рехсарал мухъазда абухъе. Дагьаб цебегIан дие бицана литературияб гIелмуялда тIад хIалтIун гIумру тIамурай, авар мацI лъаларей аваразул гIалимчIужуялъул хIакъалъулъ. Гьелъул эмен вукIун вуго лъимал гьитIинаб механда, магIарухъ цо районалда органазул хIалтIухъанлъун, росулъ бицунеб рагIун лъалеб букIун буго лъималазда авар мацIги. Шагьаралде гочараб механда инсуца гьукъун буго лъималазе шагьаралда авар мацI бицине ва гьезда авар мацI тIубанго кIочон тун буго. Щиб хIисабдай букIараб гьев гъаримасул жиндир наслуялъухъа эбелалъ жиндие бицараб мацI нахъе бахъулеб механда. Гьале гъоб «**гIасияб механалъул мехтараб рижи**», хабалъ хIалхьи батила гьесие диналдасаги миллаталдасаги махIрум гьабураб наслу нахъе теялъухъ. Дида цадахъ магIарухъе сапаралъ ккана чанго соналъ цере, гIурус ракьалдаса магIарухъе щвезе унев эменги васги. Васасда авар лъалеб гьечIоан, инсуца бицунеб гIурус мацIги, гьелъие кьолеб гIакъубаги рагIарабго, гIурусазда гурхIулеб хIал букIана. Гьедин буго, ПатахIов, жакъа аваразул миллияб адабият, мацI, гIумру-яшав. Дица духъеян гьабураб хъвай-хъвагIай тезе ккана цIияб аваразул «Миллат» абураб газеталъе. Духъе битIилаан, щиб лъалеб «Лига Истина»ялъе, «Святой Валентин» яги «СунтI» абурал нужер «шедевразе» бакI къварид гьабиларин, гьанибго тана. Гьаб дармил ва хисбасалъул дунялалда, цоцае кумек гьабичIого нилъ рорчIиларо. Диетаялъул ва сонтIол хIакъалъулъ хъвараб жо бачIани дица нужехъе битIила. Аваразул гIумруги, хIакимзабазул хъантIиги, халкъалъул мискинлъиги, магIарулазул гIумруги бихьизабураб «чIанда» бачIани дуца дихъе битIе. Васалам.

ХIурматгун
МухIамад БисавгIалиев

Гьалда лъолеб цIар щиб, цIаларал чагIи?

Гьаб казияталъул гьумералда нужеца цIализе бегьула машгьу-рал гIадамазул жагъалал, ургъичIого рорчIарал цо-цо калимаби. Гьезул цо-цоял тарихалда жанире арал, кигIан рагIабазул авторас живго вацIцIине хIаракат бахъаниги, ратIлида лъурал чурун рацIцIунарел лангал гIадин гIасрабаз цоцахъе кьун гьесул цIаралда рухьинарун нахъе хутIарал. Гьел рагIабаз нилъее рагьула кигIан кIудиял ва гIакъилал гIадамалги цо-цо гIисинлъулел рукIин, гъалатIаздаса цIунарав чи авараг гурони гьечIин абиги бугелъул. Гьездаго цадахъ рукIине руго кIудияб тарихияб кIвар гьечIониги жакъасел машгьурал чагIазул жагъалал калимабиги, халкъиял поэтазул магIна гъорлъ гьечIел рагIабиги, гьадинго цIалдолезул диваналде росулел мухъалги, хадурагIи гьечIого. Бокьилаан «Миллат» газеталъул гьудулзабаз нужеда рагIарал, цIаларал жагъалал калимаби нижер адресалда ритIани. Бокьани гьелда хурхун нужерго пикру загьир гьабе, ялъуниги гьадинго ритIе гьаб адресалда:
millat@gmail.com, 8-963-798-4-798

ХIажи МахIачев
«Нижеца рахъ кквезе буго МухIу ГIалиевасул, гьев гIакълуги лъайги бугев чи вуго, мустахIикъавги вуго президентасул хъулухъалъе. Цебе МухIамагIали МухIамадов вугеб механда власть букIана цIогьодулеб, коррупциялъ ккураб, гьанже гьедин букIине гьечIо, МухIу ГIалиевас хисизабизе буго кинабго…»

http://www.lentacom.ru/comments/I08.html
(«Коммерсант» газеталдаса босараб 10.01.2009с.)

«МухIу ГIалиев вуго ракI чIегIерав чи, щай гьев вачIинчIев МухIамадсалам вищулеб данделъиялде, гьесда кIвечIо дагъистаниял цолъизаризе, гьанже нилъ киналго цолъун МухIамадсалам МухIамадовгун хIалтIизе ккола Дагъистан цебе бачине. Китаец вищун гьечIо, индусав вищун гьечIо, буссурманчи дагъистанияв тун вуго. Гьев вуго гIолохъанав лъай бугев чи…

http://www.rferl.org/howtolisten/CA/20I002I0/ondemand.html «Эркенлъи» радиоялъе 10.02.2011с.

Сайгид Муртазалиев:
Жена Муху Алиева Зайнаб – цумадинка. Я думаю, ни один цумадинец не будет выступать против Муху Гимбатовича, даже если он будет ошибаться в каких-то вопросах. Но дело не только в цумадинцах или там чародинцах. Разницы нет. Муху Гимбатович, как мы знаем, выше всего этого и, я думаю, будет учитывать интересы всех народностей Дагестана независимо от кланов, авторитетов, денег.

http://www.chernovik.net/print.php?new=4108 21.04.2006г.

Владислав Сурков:
«Кроме того, замглавы президентской администрации **В.Сурков** похвалил **Саида Амирова**, сказав, что Махачкала заметно преобразилась».

http://www.chernovik.net/news/44I/News/20II/05/20/I2002

Парижалъул Сорбонна университеталда цIализе харж гьабизе ккола лъагIалие 250 – 1000 евро (12-50 азарго гъурущ), Мюнхеналъул техникияб университеталда цIализе – 1200 евро (55 азарго гъурущ), Берлиналъул техникияб университеталда – 500 евроялде гIагарун (25 азарго гъурущ), МГИМОялда – 118 – 290 азарго гъурущ, Экономикаялъул ТIадегIанаб Школалда цIализе харж гьабизе кколеб буго лъагIалие 145 – 313 азарго гъурущ.

Дагъистаналда бер лъурал гуржиял

Грузиялъул хIакъалъулъ ахираб заманалда цохIо оппозициялъул митингазул гурони бицунаро Россиялъул информациялъул алатаздасан. Гьал къоязда "Миллат" газеталъул мухбир *Закир МУХ1АМАДОВ* щвана кавказалъулаб Америкаялъул «штаталде». Гьеб букIана Нино Бурджанадзе жиндирго «аскаргун» Грузиялъул хIукумат тIаса рехизе къватIие яхъиналде цересел къоял. Цоцаде дандекколарел, батIи-батIиял пикрабигун Дагъистаналде тIадги вуссана.

Сувенирал, ай сайгъатал, учузго росизе бегьула Шота Руставелил къот1ноб.

Нух кин бахъилеб?

МахIачхъалаялдаса Тбилисиялде нухлул манзил щунусго километралдаса цIикIкIун буго. ХъантIарал чачаназулги ингушазулги гаишникал дандчIвачIони, бищун гIемер анкьго сагIат бала нухда. Жиб-жиб къоялъ сагIат микьго тIубараб мехалъ МахIачхъалаялдаса Владикавказалде уна маршрутка. Билеталъул багьа - 600 гъурущ. Осетиназул тахшагьаралдаса гуржиязул тахшагьаралде уна маршрутка. Амма киназго такси ккун лъикIилан абула. Цо чиясухъа таксистас 1500 гъурущ босула. Гьелда жанирин абуни лъабго чиги рекIуна.

Владикавказалдаса батIаго рикIкIад гьечIо Грузиялъул гIорхъи. 40 минуталдасан щола гьенире. ГIорхъода гIемер заман базе рес буго. Хасго Россиялъул рахъалда. Грузиялде къокъунел Кавказалдаса сапарчагIаздехун букIунеб буго бищун кIудияб интерес. ГIорхъи цIунулезул цояс хасаб кабинеталдаги ахIун гьикъизе бегьула «Сундуе гIоло мун Грузиялде унев вугев?» ан. Гьанибго цо гьитIинаб малъа-хъвайги гьабила. ГIорхъи цIунулезул киналго суалазе «У - Гуро » абурал къокъал жавабал кьуни лъикI буго. Гурони гьезулгун «накъит» сагIаталъниги халалъизе рес буго.

Россиялъул гIорхъи цIунулезде данде гуржиязул гIорхъи цIунулел малаикзабилъун рихьула. Гьел кIалъаларо хъачIго, кьоларо гIантал суалал. Загранпаспорт гуребги, Россиялъул паспортги букIине ккола цадахъ.

«Верхний Ларс» абулеб мугIруздасан бахъараб нухдасан ине ккола Тбилисиялде. Май моцIалъул байбихьи букIаниги, гьеб нух тIубан гIазуца бацун букIана. Цадахъ рукIарал киналго сапарчагIи автомобилалъул гордахъан фотоаппараталги ккун рукIана Гудаури курорталде щвезегIан. ТIабигIаталъул берцинлъиялъул сурат бахъичIони, мунагьалде ккеялда хIинкъун рукIанин ккола.

Жибго «Верхний Ларс» батIаго беццизе ккараб нух гуро. Амма лъикIаб нух байбихьула Гудаури курорталдаса. Гьенире хIухьбахъизе гIемерисел хасало рачIуна. Лыжабазда хъещтIезе рукIа, серфингалъе гIоло рукIа. ХIухьбахъулебгIан заманалда жанир гостиницабазда гурелги, гIадамаз гIумру гьабулел минабахъги чIезе бегьула. Курорталъул мацIалъ гьезда «шале»- ян абула. Гьоркьохъеб шале щола 3-4 азарго гъурщиде (цо сордо-къо).

Шота Руставелие лъураб памятник

Тифлисалда щвани…

Радал сагIат микьгоялда МахIачхъалаялдаса къватIире рахъарал ниж Тбилисиялде сордо бащалъуда щвана. Гуржияз гIелмияб конференциялде Дагъистаналдаса16 чи ахIун вукIана. Гьениб бицунеб букIана Грузиялдаги Дагъистаналдаги гьоркьор рукIарал ва гьабсагIат ругел бухьеназул. ПалхIасил, киназулго докладал тарихалда хурхарал рукIана.

Жибго Тбилиси хIакъикъаталдаги берцинаб шагьар буго. Шагьар бакьулъан чвахулеб буго Кура гIорги. Гьениб гIумру гьабулеб буго 1 млн 200 азарго чияс.

Тбилиси кин бижарабин гьикъани, бокьарав гуржияс нужее бицина берцинаб маргьа. Щуабилеб гIасруялда Тбилиси бугеб бакIалда рохь гурони букIун гьечIо. Гьеб рохьосан унаго Вахтанг Горгасала ханасул лачен гIанкIида хадуб лъугьун буго. Лочнодаса тIурулаго гIанкIги, гьелда хадубго лаченги цо хIорилъе ккун руго. ТIаде ккедал, ханасда гьел кIиялго релъун ратун руго. ХIорил лъим хинаб гуребги, гIадамал сах гьарулебги батун буго. Гьединлъидал ханас буюрухъ кьола гьениб шагьар базе, гьелда Тбилисийин цIарги лъезе (Тифлис – хинаб абураб маг1на раг1ула).

Тбилисиялда ругел киналго памятниказухъ яги тарихиял бакIалъухъ балагьизе бокьани, гьениб бищун дагьаб ункъо къо базе ккола. Балагьизени гьениб чанги бакI буго. Мисалалъе, шагьаралъул цояб кьода буго проституткабазе бараб памятник. Гьебго кьода проституткабазде дандехун буго интересаб цогидаб памятник: Кураялде кIанцIизехъин вугев гIоркьилавги, гьев хвасар гьавизе гIедегIулей чIужугIаданги, гьеб киналъулго сурат бахъулев журналистги.

> ! *Грузиялъул тахшагьаралде щвани, нуж тIоцере ине кколел бакIал чанги руго. Раккизе бегьула Нарын-хъалаялде. Гьединго щвечIого рес гьечIо дунялалдаго тIоцебе лъималазе гьабураб маххул нухалде.*

Тбилисиялда буго анцIила хадуб театр, музеял ва гь.ц.

Грузиялъул тахшагьаралде щвани, нуж тIоцере ине кколел бакIал чанги руго. Раккизе бегьула Нарин-хъалаялде. Гьединго щвечIого рес гьечIо дунялалдаго тIоцебе лъималазе гьабураб маххул

ЧIезе бакIги гьарун къватIиса пачалихъалде гIадамал лъутиялъул рахъалъ Россия лъабабилеб бакIалда буго. Гьелдаса цебе ГIиракъги Сомалиги буго. Россиялъулаз лъутизе бакI бищунго Польшаялда, Франциялда, Австриялда, Бельгиялда, Норвегиялда ва Швециялда балагьулеб буго. Гьединанго къватIиса пачалихъаздаса лъутун рачIунел гIадамаз тIаса рищулел улкабазул сияхIалда Россия буго 19 бакIалда.

Победоносец Георгие лъураб памятник.

нухалде. Гьеб нухгиха жалго лъималаца гьабураб буго, лъимал гурони гьенир хIалтIулелги рукIичIо. Ункънусго соналъ цебе гIуцIараб ботаникаялъул ахикьеги ине бегьула. Амма гьенире хIухьбахъизе бакъ тIерхьиналде цере ине лъикI буго.

Гуржиялги реформабиги

Жалго гуржиял дагъистаниязда релълъун рихьана дида. Гьурмадасаха. (Амма нилъер ясал берцинал руго гьезулаздаса.) ТIаде рачIаразе лъикIаб гьоболлъиги гьабула. Хасго рекIее гIуна гуржиязул гIолилал. Нилъерал гIемерисел яги автомобилазул, яги диналъул бицунел рукIуна. Дозул гIемерисез политикаялъул бицуна. Политикани Грузиялда цIакъ интересаб буго. Цояз Грузия рикIкIуна Кавказалъул Европалъун, цогидаз - Кавказалда бугеб Америкаялъул анклавлъун.

КъокъгогIаги бицун телин гьенир гьарурал реформабазулги.

Михаил Саакашвилли президентлъун вахъиндал тIоцебе гьес «воры в законе» абулел чагIигун вагъизе байбихьана. Бергьана. Байбихьана кIудияб приватизация. Киналго хIакимзаби эркен гьаруна нухмалъиялдаса ва гьезул бакIазде гIолохъанал специалистал тIамуна. Полициялъулалги гаишникалги цо къоялъ тIубанго хIалтIудаса нахъе рахъана. Гьенирги хIалтIизе рачана цIиял чагIи. Гьезие чIезаруна лъикIал шартIалги харжги.

Амма гIемер руго Саакашвилигун гьесул реформаби какулелги. Гьел ккола президентас хIалтIудаса рахъарал ва гьезул гIагарал гIадамал. Миллаталъул бищун лъикIал чагIазе цIияв президентас зулму гьабулеб бугин абула цо-цояз.

ТифлисалдалъикIал харжал руго полициялъулазулги, къватIисел пачалихъазул компаниязул хIалтIухъабазулги, харж цIикIкIинабулеб буго учительзабазеги. Амма гIемерисезе щолеб мухь гьедигIан кIудияб гьечIо. Мисалалъе, гьелъул гьоркьохъеб къадар анлъазарго гъурущ ккола.

Грузиялда гIемерисел каналазда телепрограммаби ингилис мацIалда кьола. Бихьизабулеб киноги ингилис мацIалда букIуна, гуржи мацIалде гьабураб таржама экраналда гъоркь кьола. Гьединаб къагIидаялда гIадамазда ингилис мацI лъаз]абулеб буго. Тбилисиялда цохIо гурони бихьичIо гIурусалъ хъвараб игIлан, амма ингилис мацIалъ хъварал жиб-жиб къотIнор ратула.

ГIемерисел гуржиязул политологаз ва гIалимзабаз Кавказалъул хIакъалъулъ бицунаго абун тола Кавказ пачалихъалъун букIине кколин ва гьабсагIат гьелда гъорлъ ругел регионал штаталлъунги рукIине кколилан. Гьеб анищ тIубаялъе гIемерал нухал ралагьулел руго гуржияз. Мисалалъе, Северияб Кавказалда гIумру гьабулезе визаби гьечIого Грузиялда рачIине ихтияр кьей. Северияб Кавказалдаса гIемер студентал ва аспирантал руго Грузиялда цIалулел. Гьезие лъикIаб стипендияги кьолеб буго, рукъзалги кколел руго.

Дагъистаналъул бицунаго, политологаз ракIалде щвезабула некIо Дагъистаналъулги Грузиялъулги гIорхъода ругел росабазул рукIарал лъикIал бухьенал. РакIалда щвезарула чабхъеналги, амма ццидахун гуроха, гIемерисеб мехалда релълъанхъулаго.

Велъанхъулаго цо политилогасги абуна нужер Дагъистаналъе Россиялда гъорлъ гьечIого лъикI букIинилан. Хасго Грузиялъул мисалги босун цIияб, Европаялъул гIадаб улка гьабизе рес бугила нужер. Ресални жакъа къоялъ гьелъие ратиларо, амма Дагъистан Европаялъул гIадаб улкалъун лъугьиналде хьул бугоан... Дагъистаналда хурхун гуржиязул ругел хьулазул гIемер бицун пайда щиб. Кинал гьел ратаниги, гьел ругоха.

Кваназени лъалеб буго

Гуржиязул кванил бицун пайда гьечIо, хIалбихьичIого. Гьеб рахъалъ Дагъистаналдаса чанги нухалъ бечедаб буго Грузия. МагIарулазул аслияб квен хинкIал ратани, гуржиязул хинкали руго. Расги нилъер хинкIазда релъаралги гьечIо гьел. ГIадатго бицани, хинкали ккола чIахIиял цIурал хинкIал гIадал жал. Жалго хинкали кваналеб хасаб къагIидаги буго. Цояб бакIалдасаги хIанчIун хинкалида жанисан кинабго лъим цIузе ккола. Хадуб хIанчIунхIанчIун жибго баркаман-хинкалиги чохьониб жанибе къокъинабизе ккола.

Столалда тIад щиб квен бугониги, аскIоб чагъирги букIуна. Гуржияз гьеб компот гIадин гьекъола. Гьединго столалда тIад лимонадги букIине ккола - генулги, цIолболги, тархуналъулги. Чехьалъе къуват кьуни, кванчIого тоге сулугуни гьан, харчо-чурпа, сациви ва гь.ц. Нилъер чунтбузе зарал кколел гIадал багьабиги гьечIо гуржиязул рестораназдa. Мисалалъе, цо ресторанал-де ана дунги гуржиялда гIумру гьабун йигей лъалей-хъвалей Дагъистаналдаса гьудулги. Босана 12 хинкали (цо-цо ккун бичула гьеб), сулугуни-хIан, баклажаналъул ва нисул чед гIадаб жо (гьелда цIар ракIалда гьечIо), хIангун режарал гIурдахIанал, гуржиязул цIурачадал, лимонадалъул кIиго шиша, чагъиралъул кIиго графинги (расниги хIинкъуге, гIемер кванаялъ мехтичIо). Чехь унтизегIанги кванана, бащдаб жо кванчIогоги тана. Киналъухъго кьуна гIицIго 800 гъурущ! ГIорцIизегIан кваназе бокьани, МахIачхъалаялъул кафеяздани азар-азар гъурщал тезе ккола.

Кванил гIемер бицинаро. Ахиралда цо гIакълу кьела. Аджаразул хачапури босизе ракIалде ккани, бищун гьитIинаб порция босе тIоцебе. ТIубанго гьеб квине бокьунги батани, къоялъ щибго жо кIалдиб босичIогоги чIа.

Шагьаралъул цояб кьода буго проституткабазе бараб памятник. Гьебго кьода проституткабазде дандехун буго интересаб цогидаб памятник: Кураялде кIанцIизехъин вугев гIолилавги, гьев хвасар гьавизе гIедегIулей чIужугIаданги, гьеб киналъулго сурат бахъулев журналистги.

Бат1и-бат1ияб асар гьабуна дие гуржиязул пачалихъалъ ва дандчIварал г1адамаз. ГIаданлъиялъулги, гIадамазулги, гIамалалъулги рахъалъ рекIее гIуна кинабго, амма пачалихъалъул жанисеб - политикияб, жамгIияб ва социалияб рахъ чанго къоялда жаниб лъан бахъунеб батиларо. Кинабго рекъараб рукъ гьеч1ин абиги бугелъул магIарулазул .

РФялъул МИДалъул баяназда рекъон, ахираб 35 соналда жаниб Россиялдаса нахъе ун вуго 40 млн чи. ЛъагIа-лъагIалие гьениса уна 100. 000 чи. ГIумру гьабизе Россиялде вачIун вуго (законияб куцалда) къватIиса 3 (лъабго) млн чи. Аслияб куцалда гьел ккола СССРалда гъорлъ рукIарал республикабаздаса гIадамал.

Гьаб жо поэмайищ, пародияйищ?

Хъвадарухъабазул союзалда цебе, ай аваразул шагIирзабазулъ, букIана хасаб цо къапила лъикIаб какизе, квешаб беццизе ургъунго гIуцIараб. Дагьабниги пагьму-гьунар бугев чи тIаде вачIунев вугони, гьесде гьусизе таралги рукIана. Гьеб къапилаялъ кIалагьоркье чIвазабуна аваразул адабияталъул букIинесебги.

Гьаб дица тIадехун бицаралъе мисалалъе букIине, жакъа дие бокьун буго цо-кIиго соналъ цебе басмаялда бахъун къватIибе бачIараб Макъсуд ЗайнулгIабидовасул «Халкъияв поэт» абураб тIехь цIалидал ккараб дирго пикру загьир гьабизе. ТIехь буго аваразул шагIир ГIабасил МухIамадил хIакъалъулъ хъвараб. ТIехьалда хъвараб авторас поэмалъун рикIкIунеб буго. Гьеб «асар» хIакъикъаталда пародиялде сверун буго:

Авар поэзиялда Петр
Первый вуго гьав,
Петербург бан буго гьас
Гьаб адабияталда.
Авар поэзиялда
Сталинги вуго гьав,
Поэзиялъул чIутIби
ТIад хIетIе чIун, чIинтIу-лев...

ХIалихъе рагIиледухъ гурони чиясдехун кIалъаларев, гIодобе бичараб гIамал - хасияталъул ГIабасилав, авторас релъенавулев вуго Сталинида, аваразул адабияталда ругел чIутIби тIад хIетIеги чIчIун чIинтIизаризе вижарав.

Унго гьав аваразул адабияталда вахъарав Сталиница гьенир ратаралшинал «чIутIби» тIад хIетIеги чIун чIинтIизе гьарулаго, живго Макъсуд кив вахчун вукIундай чIаго хутIарав? Гьелдасаги кеп щола авторас ГIабасилав Петр Первиясда релъенавун, гьес авар адабияталда Петербург банин абулел рагIаби цIалигун. Макъсуд гIемерал соназ математикаялъул учителлъун хIалтIарав чи вуго, кигIан цIодорав чидай вукIинаан, жиндирго математикаги кьун школалда хIалтIун чIун вукIаравани. Росулел руго цоги гьединал мухъалги:

Дида гIилла лъаларо
Жибго бачIун буго шавкъ,
Цоцазде къасд бергьарал
Рокьи ккаразулаб хIал.

Бихьинчиясул бихьинчиясдехун шавкъ бергьи жакъа щиблъун нилъеца рикIкIунеб? Кин гьединал рагIаби магIарул чиясул кIалдиса къватIире унел?

Цо бакIалда Макъсудида ГIабасиловасул арабги бачIунесебги гIанкIуялъул ханилъ бихьулеб буго, гьеб рахъалъ авторасда тIад рекъезеги бегьула. Хадубго хъвалеб буго гьадин:

«**Гьав шагIирги гIакъилги**
ГIадамазул канлъиги» - абун.

ЧIорогоял, кьучI гьечIел, щивниги божуларел рагIаби. «ГIадамазул канлъиги» ян абулеб рагIул кIудияб магIна буго. ГIадамазул канлъиян абула халкъалъе, гIураб ракьалъе, улкаялъе гIоло рухI кьезе хIадурав, бахIарчияб гIамалхасияталъул, кьварараб рагIиялъул, гIадамазеги улкаялъеги кIуди-кIудияб мунпагIатал ишал гьарулесда. Гьединав чилъун ГIабасилав ватани, бихьизабе гIадамазе гьес гьабураб лъикIлъи, гьесул бахIарчиял ишал. ТIад-тIад вуссун чIобогояб рецц-бакъалъул, цIалдолел тIад релъулел чIандаби хъуричIого.

Гьединан щавкъалда бицунеб жиндирго хабарги гьоркьоб къотIизабун, кIудияб роххел кинигин Макъсудица ГIабасиловасда лъазабулеб буго:

Памятник бала дица
Дуй шигIруялъул гьудул,
Каранлъ ракI гьалдела дур
Гьелъ гьабураб асаралъ.

Гьаб каламги къотIизабун абулеб буго:

ТIегь бижараб бекIги гьев,
Пихъ бижараб тIегьги гьев,
Жибго ракьалъул кьалбал
Жанир ругеб ракьги гьев...

Анлъго слогалъул мухъаз гьабураб рецц-бакъ гIечIого, автор лъугьунев вуго, анцIила цо слогалъул мухъалги росун, тIад-тIад вуссун ГIабасилав веццизе. Хал гьабе нужецаго:

МугIрул шигIрабазул къапалъул мегIер,
Гьав гIадав кьурул цIиркъ гIемер гьечIо дур.
Гьас дур тIогьир чIвана цIиял байрахъал,
МугIрузул гьогьеналъ парпазарулел.
Зодихъе рахине хьулазда борхьал,
Рорхула эхеде, речIчIула гIодор,
Доба гьаваялда тIавап гьабулел
ЦIумалъ вугев дуде гьезул хьирхьиди.

Гьанже гьаб бакIалда мугIрул цIумалги рехун тун, авторасул пикру ралъдахъе - ордеказухъе щола:
ГIанкIаби кIанцIула жалги чверделин
Магьдилъ полоп бараб ралъдада тIаде,
ТIиналде унаго ордеказде гьез,
Абун толел щинал рогьбазул кутак...

ТIоцебесеб куплеталъул магIнагIорхъиго биччIуларо, ГIабасиловас чIварал байрахъал ЛъагIилухъ росдада сверухъ ругел мугIруздагIаги парпадилел ратизеги бегьула, нижер гьаниса гIебеде гьел гьечIо. КIиабизеги авторас ГIабасилав цIумидаги релъенавун, жив тайпа борхьазда релъенарулел руго. Цо хасав чиги восун гьесул рахъалъ рагIи абулаго, гьечIел-гурел жал рицани, гIадамал тIад релъанхъулеллъи бичIчIуларев чи хъвадарухъанищ вукIунев?

Лъида кир рихьарал хIорихъе яги ралъдахъе чвердезе унел гIанкIаби? БукIунареб, гуреб жоялъулгун дандеквеял руго киса-кирего.

... Хал гьабун бихье, ГIабасилав жанив гьавураб ЛъагIилухъ росдае кьолеб къиматалъухъги:

ГIемер гьечIо гургинаб
Гьаб дунялалда тIад,
Дур къадруялъул росу
Дур къудраталъул руссен.
ЛъагIилухъ дунялалъул
Назмудал картаялда,
Кидагоялъе бакун
Бугеб чирахъ ккола мун...

ЦIадаса ХIамзатги Расулги жаниб гIураб ЦIада росу гьадингояб жо, ГIабасиловасул ЛъагIилухъ росдада данде ккун, Хунзахъ районалда.

Гьаниб бицинчIого гIолареб-лъун бихьула ГIабасиловасул тIоцебесеб рокьи:

Гьале дарсалги лъугIун
Лъималги цере риччан,
ГIищкъу ккараб кIиго рухI
Рокъобе унеб буго.
Квер ккун ГIабасиловгун
ГIайна ахикье ана,
Ахикьги цо буччараб
ГIурччинаб гъотIокь чIана.
Мун дие йокьулей куц
Бицинищ ГIайна, дица ...
Бице! - ян гьимулаго
Гьелъги жаваб гьабуна.
ГIабасилас гьебсагIат
Сумка гIодоб рехана,
ГIажаибго хIинкъараб
Къокъаб убач гьабуна.
Гьезул баи бихьарав
Бесдал эмен ахIдана
Ал рухизе хъетарав
Хъархъида ван вортула.

ТIохдаса, гьотIодаса вортула чи, хъархъида ван гIодов речIчIула, вортуларо.

ГIемерисезул рокьи 17-18 соналъул гIумруялде рахиндал кколелъул, ГIабасиласул абуни гьеб 8 сон балелдего ккун буго. «Бачидаго лъала баси лъугьунеб жо» - ян абуларищха.

КIиабизеги, гьанжеялдаса лъабкъоялда анцIго соналъ цебе, школлъимал ахикъ цоцазда хурхун къочардилел рукIараб ЛъагIилухъ росулъ жакъасеб гIолохъанаб гIел щиб гьабулелдай руго?

Гьедин байбихьараб ГIабасиласул рокьул хIасил, кIиго лъел къатIрагIанги релълъараб буго, Расулица «Дир Дагьистан» - тIехьалда бицен гьабулеб А. Гъапуровасулалда. Гьесулго гIадин, ГIабасиловасул ГIайнаги гIедал цогидасе уна, росасул къвалакь йигей гьелъги ГIабасиласде гьадинаб магIнаялъул кагъат бачIуна:

«Бащдаб гонорар дие
КьечIони ГIабасилав,
ТIаса лъугьине гьечIо
БичIчIун букIа дуда гьеб.
Диде кучIдулги гьарун
Гурищ поэт ккарав мун,
ПикрабалъгIаги цо-цо
РакIалде щолищ ГIайна?»

РакIалде щолищ-щоларищали бицине, добго ахикье ахIизе бегьуларейищ гьей хIурулгIин!..

«ЦIалдолеб заманалда» - абураб бетIералда гъоркь щиб бицинеб лъаларого, гьанив речIчIун-дова тункун гелделев ву-го автор. ХIалица ургъун рахъарал рагIабаздалъун бицунеб буго, анцIго класс лъугIарав ГIабасилав математикалъул учителлъун росулъ тIамиялъул:

Байбихьана гьадинан
ГьитIинав учителас,
Унго-унгояв гьесул
Лъугьана математик...
«ЛъагIилухъа Пифагор,
ПасихIав МахIмудил вац»,
Гьесда лъезе тIокIцIарал
ТIагIунелго рукIинчIо.
«Ломоносов» вугилан
Абуна цIалулелъул,
«Камалил Баширилан»
Щурана ракI бихьараз.

Гьал мухъазе къимат цIалдолес кьеянги тун, дица бицина «Савдат» абураб бетIералда гъоркь хъваралъул. ГIабасиласул лъади Савдатие гьадинаб къимат кьолеб буго авторас:

Мун бицалъ цее арай
Аварагасул ясги
Дуе ГIабасилавги
КечIалъул ГIали-асхIаб.
Мун йиго микьабилеб
ХIикмат гьаб дунялалъул,
ТIаде-гьоркье жубазе
Жо гьечIо щибго дуде…

Бихьинчиясда рекъечIеб мацIалдалъун, хъван буго авторас «Поэтасул портрет» - абураб бетIерги:

Дирго рекIел канлъиялъ
Караматго бахъараб
Бихьилищ дурго портрет,
Дир гьудул ГIабасилав.
Кинабниги кIодолъи
Жинда жаниб бихьулеб,
Бергьараб нур ракIалъул
Гьурмада даимлъараб.
Дир вацал шагIиразул
Портретазул сверуда,
Бищунго къадруяб бакI
Буго дур портреталъ ккун...

Бихьулеб букIахъе, тIолабго дунял ГIабасиласул мацIалда кIа-лъалеб буго, гьев гIахьаллъун гьеб бижунги буго.

Гьадин гIакъуба бихьун бахъараб портрет, нилъеда цебеги лъун, автор гIедегIулев вуго жиндирго рагIуе, гьунаралъе ва хIалкIолъиялъе тIадегIанаб къимат кьезе.

Руббоги Лансереги гьесда данде гьадингоял чагIи, ГIабасиловасул портрет бахъизе. Гьале гьелъул бицарал мухъалги:

Дур портрет, ГIабасилав,
Дир рекIеца бахъана,
Кидаго жиб къалъараб
Галереялда лъезе.
Дие Руббо щибизе
Лансере хIажат гьечIо.
Дир гьудул, гьадин кьезе
Гьезда кIвезе букIинчIо.

ТIубараб тIехь лъугIизегIан цогоцо жоялъул бицараб гIечIого, тIохьол (Хадусеб 11-леб гьумералда)

Дирго Пегасалда дирго тIенкги лъун
Кивехун аниги унев вуго дун...
ГIабасил МухIамад

2010 соналда Ванкувералда Олимпиада тІобитІизе харж гьабуна 1, 75 млрд доллар. Россиялъул Минрегионразвитиялъул баяназда рекъон, 2014 соналда Сочиялда гьединабго Олимпиада тІобитІизе хІажалъула 46 млрд доллар. «Апполон» абун НАСАялъ хІисабалде босараб моцІрол программа рагІалде бахъинабизейин абуни къваригІуна 25 млрд доллар.

Шагьаралдаса сайгъатал

Ахир-къадги Бурхание отпускалъ ине къоял гІагарлъана. Киве иневали хІукму гьес цебего лъутІа-къотІун гІодоб лъун букІана. Гьайгьай, росолъе! Эбелалъухъе! Цойгияб рахъалдехун гьес бох босизе гьечІо: эбелалъул кагътаз гьесул рекІелъ гьелъухъе урхъиялъул гьалагаб цІа боркьун букІана. Йохъ, ЧІегІер ралъдал рагІаллъабаз жидехъего кигІан ахІаниги эбелалъухъе ине гьабураб къотІи Бурханица хвезе тезе гьечІо. Росолъе! Росолъе! Эбелалъухъе! – гьеле гьел рагІаби рукІана гьес жинцаго жиндего хІасраталда такрар гьарулел.

КватІичІого нухде вахъине вукІиналъулги хадуб эбелгун дандчІвараб мехалъ ккезе ругел накъитазулги хиялаз цебеккунго вохахинлъизавурав Бурханица гьеб иш чура-ххулизе жиндихъего ахІана гьудулгьалмагъзаби. ЛъикІго квана-гьекъон рахъараб мехалъ гьез цІакъ рази-ракиго къолъикІ гьабуна Бурхание.

Хадусеб къоялъул радал унтиялъ кьва-кьватІулеб бетІергун Бурхан гІедегІун къайи-цІа бакІаризе лъугьана. ЦинтІаго сагІтида берчІварав гьесул «огь!»-ан гьаракь борчІун ана. Поезд нухде бахъине хутІун ругоан дагьалго дакъикъаби. Сайгъаталги росичІого эбелалъухъе кин иневан ургъелчІвана гьесда. Цинги бачІараб пикруялъ гьев цо дагьав гІодове виччазавуна: райцентралде щвараб мехалъ росиларищ сайгъатал, дораги рукІунелъулха тукаби…

…Вагоналъул горда цересан нахъехун хъамун унел рукІана росаби. Райцентралдеги гьев гьанжего гьанже щвезе вуго. Поездалдаса рештІаравго Бурханил хІатІаз нух бокъизе буго тукабаздехун. Гьесул гьел хиялазда тІадрекъон гьакибурдузги бугоан бачунеб «кІутІ-кІутІ». Гьале Бурханица сайгъатаз бугІун цІезабулеб буго чумадан. ТІоцебесеб иргаялда росизеги росун гьес сокІкІун лъуна хамил кускал, хадуб чакар-кампет ва цойги-цойги рокъоб къваригІунеб тІагІел-гІучІ. Босизесеб кинабго жоялъул гьес цебеккунго хІисаб-суал гьабун букІана. Тукаде ракІарарал гІадамаз гІажаиблъун гьикъулеб букІана гьабщинаб жо лъиегІаги дуца босулеб бугеб абун. «Эбелалъе»-ян кІудияб къагІидаялда жаваб кьолеб букІана гьесги. «Гьалеха унго-унгояв вас, бихьулищ гьасие хирияй йигеб куц жиндирго эбел?» - ан разиракиго цоцазда гаргадана гІадамал. «Гьаб цояб лъиеха?» - ян нахъеги гьикъула гьесда. «Мадугьалзабазе ва гьезул лъималазде»-ян махІги веццаричІого гІодобе биччараб гьаракьалъ жаваб кьола гьес. «Гьелеха, гьелеха жо!»-ян бутІрулги гьанкІезарун кІалъала паналъарал гІадамалги.

Бурхан щола жиндирго минаялда аскІове. ГІатІидго рагьун кавугун гьев лъугьуна азбаралде. Рукъалъул кІалтІа яхъун чІун йигоан рукІкІалабаз гьумер босарай гьесул эбел. Надалда хъатги ккун ялагьула гьей тІаде щварав васасухъ ва циндаго: «вай, дир вас Бурхан! ВачІана гурищ мун ахир-къадги!»-янги абун данде ине лъугьуна гьей.

Бурханица жиндирго сахаватаб кверал рикьула сайгъатал. Эбел гьездаса, гьайгьай, цІакъ йохула. «Гьабщинаб жо щайха босараб? ГІадада харж гьабизе щай дуе къваригІараб?»-ан кІалъала гьей кин бугониги. «Дуе кьолеб щибниги жоялда дун барахщуларо, эбел», – анги абун Бурхан жовала жиндирго мадугьалзабазул лъималазе чакар-кампет бикьизе. «Бурхан, бар…ка…ла… ду… е…!»-ян цинцадахъ ахІула гьезги.

Паравозалъул цІирхизарулеб гудокалъ тІамуна Бурхан берал рагьизе. Гъапуллъун ватана… Поездин абуни райцентралде щун-щвечІого унеб буго.

Вокзалалде щвараб мехалъ лъицаяли Бурханил гордил къвал туркІана:

- Бурхан, унго мунищха гьав?

Нахъвуссун валагьарав Бурханида вихьана – щивилан ножода колев? Шигап! Доле дов кидаялиго Бурхангун аскаралдаа цадахъ вукІарав Шигап!

- Виллана гурищ мун, тІуванго, тІагІана гурищ думалъго, - ян байбихьана Шигапица. – Шагьаралде хІалтІизе аралдаса нахъе дур сас-махІ къотІана. Мунго дудасаго чІухІдаризегІаги лъугьунцин вугодай мун?

- Кинаб чІухІдари! Дуца бицунеб жого щиб? ГІайибал чІвазе гІеде-гІичІого цо-цо осто рехизе духъе рилълъун лъикІин ккола дида: бетІер буго цІакъ унтулеб.

- Цо-цо остойила? Гьадинаб дандчІваялъул рахъалъ цо-цоясе цо-цо шишаго рекъон букІина!

Квана-гьекъон хадуб гьудулзаби къватІире рахъиндал гьезда дунял тІубанго бецІлъун батана.

- Сайгъатал росизе ккола анха рукІарал дица, - ян хІали-малихъе кІалъана Бурхан.

- Рилълъаха гьел росизе, – ян жаваб кьуна Шигапица.

Пайда щиб, тІагъургІанасел кІулалги чІван къан бугоан тукан.

- КІваричІин гьанже, мадугьалихъ бугеб росулъа росизе бегьула гьел.

Доба дуе бокьараб мехалъ рагьула тукен. Сордо букІа, рогьел букІа – тІад калам гьабичІого рагьула, - ян божизабуна Шигапица гьев, цебе батараб машинаялде вахинавулаго. Мадугьалихъ росалъе Бурхан щвана сардил тІингъилъ тІубанго гьеб кьижараб мехалъ. Дагьамакъав гуро гьев свер-свердизе ккарав тукен бугеб бакІ батуларогоги. Ахирги хІалихъе кІвана гьесда тукадул нуцІа квашизе. БакІал ва кІудиял кІулазда квер хъвалаго гьесул бадиб речІун бачІана чантиниб лъолеб панаралъул канлъул чІоразул жул.

- ЧІая, чІая, Васбиямал дов кІудияб шагьаралда виларав вас гурищ мун ккол ев? Дуца гьаниб гьабулеб жо щиб?

- У, кІудияв, дун вуго гьев вас. – Бурханида лъана херав чи. – Рокъове вачІунев вуго дун. Тукадаса сайгъатал росизе рокьун рукІана дие…

- Гьаб кватІараб сардил гІужалъ лъица дуе гьел ричилел! Гьединлъидал мун тІадвуссиналъул рахъалъ гьабсагІат нилъецаго цо дагьа-дагьаб жо гьабун лъикІ гурищ?.. Гьел рагІабазда хадубго херав ХІибзуллагьица къвалакьа къватІибе бахъун бачІана порол бетІерги тІаса-дагьаб жо гьекъараб шишаги.

Росолъе щвезе хутІараб нухалъ Бурхан ана, ахІулаго кучІдулгун. Гьесул гьаракь кьолеб букІана сардил бецІлъиялъулъ тІупарал кІкІалаз кІкІалазухъе.

…Радал гьев макьидаса ворчІун вачІана живго гІураб рокъов хІеренаб хІулол босада. АскІоб рокъосан гьесда рагІана мадугьалзабазул лъималазул сасал. ГІинчІван чІана. Эбелалъ буго абулеб:

- Гьале росе, лъимал, рухІун рукІунаго кванай гьал хъухъанчадал!

НечечІого кванай! Дир васас шагьаралдаса росун ножоейин гьел рачІун ругел. ГІорцІизегІан кванай ножоца гьел ва Аллагь жиндаса разилъаяв Бурхандацие баркала кьезеги кІочон тогеха ножода…

- Унго-унгоги, кІодо, шагьаралдаса росолъе щвезегІан гьал рухІарал хъухъанчадалишха васас рачІарал?

- У, дир хириял, гьел цІорозе гурилан гІедегІун рухІухъего рачІана росун!..

Хехлъи гьабун ретІелги ретІун Бурхан гордохъа къватІиве кІанцІана ва нечаялъ кІвекІулеб ракІгун шагьаралдаса сайгъатал росизе росдал тукаде векерун ана…



Хабаралъе баян

«Шагьаралдаса сайгъатал» абураб хабар хъварав чи ккола башкирав Марат Каримов. Дун Московалда цІалулеб мехалъ гьенивго цІалулев вукІана гьевги. Къаси-къаси цоцазухъе хьвадун кеп-гІоркьалда тІамулаан нижеца заман. Гьайгьай, остолалда осто гьечІогоги чІелищха чІорбитІарал гІолохъаби. Гьеле гьеб «осто»-ялъулгун цо нухалъ дирго ккарал лъугьа-бахъиназул бицунев вукІарав дихъ кутакалда кІваркьун гІенеккана Карим. ВахІ, щайдай гьесие гьедигІан цІакъ дир гьадинго кепалъе бицараб гІадатияб чІанда-хабар бокьанаян суал бижана дилъ. Гьеб суалалъе жаваб щвана дие долдаса нахъе анцІго сон сверун хадуб дандчІварав Каримихъан.

КІудияб такъсиралъе мукІурлъизе ккарав чияс гІадин, цІакъ нечадго, гьес абуна валлагьила доб дуца цебего бицун букІараб кепаб хабар жинца жодорго мацІалдаги хъван тІехьалдацин бахъанила. Гьарулила жинда тІасалъугьаян. Гьелде тІадеги С. Сафиуллиница гІурус мацІалдеги буссинабун «Крокодил» издательствоялда 75 азаргогІан тираж бугеб тІехьги къватІибе биччанила.

«Адалло на добрую память о тех добрых старых временах, когда мы жили в общежитии Литинститута»-ян жилдалдаги хъван Каримица тІехь бегьана дихъе.

ЦІалана. Гьадингоги дица гІезегІан реччелги гъорлъе бан, бицун букІараб гьеб хабар Каримица сихІирго цІам-перги рекъезабун тІадеги гьорозабун бугоан.

Кин бугониги дица гьеб авар мацІалдеги буссинабун БисавгІалиев МухІаммадихъе битІана.

Гьале гьеб хабар Каримие дица бицаралдаса нахъе ун буго лъабкъогоялде гІагарун сон. Жакъа дида кколеб буго гІумруялъул гьелщинал санал гурин арал, цохІо лахІзат анин.

ГІадалло ГІали-МухІаммад Барзек

«РБК» журналалъул (№ 11, 2007) баяназда рекъон, Москваялъул миллиябгун этникияб гIуцIи гьадинаб буго: гIурусал – 31 процент, азербайжанал – 14, татарал, башкирал, чувашал – 10, украинаялъулал – 9, кореялъулал, китаялъулал, вьетнамалъулал – 6, тажикал, узбекал, хъазахъал, гъиргъизал – 5, чачанал, дагъистаниял, ингушал – 4, эрмениял – 4, белорусал – 3, гуржиял – 3, молдованал – 3, циганал – 2, жугьутIал – 1, хутIарал миллатал – 5 процент.

Мугьаджирасул кагьтал

Машгьурав шагIир ва жамгIияв хIаракатчи Адалло ГIалиевас мугьаджирлъиялда, ватIан тун къватIив вугел соназда Дагъистаналдагун Чачаналда рукIарал лъугьа-бахъиназда тIаса цо-цо тарихиял тIанчал рагьулел руго гьаб гьумералда. Гьес интернеталдаса жавабал кьолел руго журналистазул суалазе. Хъвай-хъвагIаял «Миллат» газеталда рахъиялъул мурад буго Дагъистаналъул ва Чачаназул цIияб тарихалъул хIакъикъат рагьи ва живго шагIирасул цIаралда сверухъ гIемераб хъуй букIараблъи хIисабалдеги босун, рагIи гьел лъугьабахъиназул гIахьалчиясе кьезе. Гьаб буго «Мугьаджирасул кагьтал» абураб циклалдаса тIоцебесеб суалалалъе баян ва жаваб. Бокьилаан цIалдолез гьалда хурхун пикраби загьир гьаруни. *Редакция*

Щиб жо кколеб Шура ва кин мун ккарав гьениве?

«Тенгликалда» букIана демократазул данделъи. Гьеб лъугIун хадуб нахъе унаго Хасавюрталдаса гьениве вачIарав вакилас дида абуна метер Хасавюрталда букIине бугила авар халкъалъул Съезд. Мунги ахIулев вугила гьениве.

«ВачIинчIониги бегьила» - ялъул махI букIана гьел рагIабазулъ. Гьединлъидал ккана хIукму ине. КIудияб клуб кьабун цIезабун бугоан Хасавюрталдасаго ракIарарал гIадамаз, цойги шагьараздаса ва районаздаса вакилзаби гьенир рукIинчIо. Аслиял гIадамал ХIежалде араб заманги бищун бугоан тIаса. Гьенив кIалъазе дир пикру букIинчIо. Амма кинавго ораторасул кIалдиса «гIака биче, автомат босе! Метерсезе чачанал нилъеда тIаде кIанцIизе хIадурлъун руго!» абурал рагIабаз дун трибуналде вахъинавичIого течIо. Дица абуна: «Ле, гьудулзаби, дир вацал-бусурбаби, магIарулал! Дун гIемер щола Чачаналде. Дида лъидасаниги киданиги кибниги гьел тIаде кIанцIизе рукIиналъулни киса, нилъедехун хIурматалъулги адабалъулги гурони калам рагIичIо ва гIамал бихьичIо. Нилъер умумул ханжрида квер лъезе гIедегIулароан. Гьелде ккечIого рорчIиялъул мурадалда цин цебе хIакъикъат лъазабулаан. РачIа нилъги нилъерго умумузул гьеб гIакъилаб нухда чIезе. Масала, гьале Хасавюрт яги доле доба Гудермес. ГIорхъи бакьулъ бокьани данделъизе бегьила Герзелалда. Ахlе 10-15 чи чачаназулги, а гьенире гьедигIаналго нилъералги. Дол мекъалги ратани, рекъолелги гьечIони дунги хIадурав вуго щиб бугониги бичун автомат босизе».

Гьедин дун кIалъалаго цо хасал чагIаз залалда жаниб хъуй-хъай бахъинабуна, ахиралде щвезегIан гьез дихъ гIенеккизе гIадамал течIо. ХIикматаб жо, гьенир рукIарал курмузда хъахIал мугжул регарал харабазги жодорго гIунсул рукIана гIодор тенкезарулел. Нахъе унаго къватIив чIезеги гьавун сверун ккуна дун гьез.

Байбихьана чачаназул квешлъи дир гIадалъе бугIизе. Дида бичIчIана загьрояб мацIалъ (пропагандаялъ) дагъистаниязул, хасго лъарагIлъиялдеги гIавухъазул ракьаздеги гочинарурал магIарулазул гIадалнах кIотинабиялъ кида-къадги тIолго Кафкасиягоцин къобухIараб ахIвал-хIалалде ккезабизе бегьулеблъи.

Гьеле гьеб буго Чачан ва Дагъистан халкъазул Шура гIуцIиялъе ва дунгоги гьениве лъугьиналъе ккарал гIемерал гIиллабазул аслияздаса цояб. Бицун тела гьаниб цойги цо цIакъго кIвар цIикIкIараб гIиллаялъул хIакъалъулъги.

Дун вукIана Грозныялда сордоги бан, радал гьениса тIадвуссун МахIачхъалаялде вачIунев. Къан батана гIорхъи. ГIилла – чачаназ викъун ун вугила Новолакалдаса колхозалъул цо председатель. Гьев кида нахъе кьуниги кьезегIан гIорхъи рагьизе биччаларилан чIун ругоан Новолак районалъул тумал. Шоферасул жигаралдалъун Герзель росда гъоркьан балъго гIорхъодаса ворчIизе кIвана дида.Дагъистаналъул рахъалде щвараб мехалъ машинаги чIезабун шоферас дида бихьизабуна авлахъ къотIун кIигогIан километралъул манзилалъ бухъараб гъваридаб хъандакъ (канава). Гьес абуна дов председатель викъилалде кIиго къоялъ цебе бахъун лъугIизабунила гьеб хъандакъ. Тамашалъарав дица гьесда гьикъана хъандакъалдаги дов чи викъиялдаги гьоркьоб бугеб жого щибан. ГIорхъи къараб мехалъ Дагъистаналдеги Чачаналдеги машинабазе нух Герзел лъарги бахъун гьаб авлахъалдаса гурони хутIуларилаян абуна гьес. Унго, бичIчIуларищила дуда гьеб лъимадаги бичIчIилеб жо. Кинго дун кантIичIеб мехалъ шоферас абуна дов председателасул цIияб УАЗ машина рехун тун батун бугила чачаназул росолъе щолеб бакIалда бугеб лъарахъ. ЦIияб машина... Хъачагъал... ЦинтIаго кина-щинабгоги бичIчIун, гьакIкIан кIалгун гъесухъ валагьун хутIана дун. ХIатта хIинкъиялъул асар гIадинаб жоцин хIунсана рекIелъ.

Щвана МахIачхъалаялде. Дагъистаналъул телевидениегун радио ва киналго мацIазда рахъулел казиятал руссинарун рукIана викъун арав колхозалъул председателасул напсалде, чачаназул хъачагъалъиялде, дагъистаниязул сабуралъул кIодолъиялде ва гь.ц. Намусалъ хIалхьи течIев дун лъабабилеб къоялде вилълъана Герзелалде. Гьенив дида ватана 15-20 тумав. Гьелгун вугоан мунагьал чураяв Хачилаев МухIаммадги.

Надирги вукIанила гьанив, бакъаниде вачIине кколилан бицана гьес дида. ЦIакъ лъикI кканила мун вачIин, Масхадовасде тIаде-гъоркье щолев чи къваригIун рукIанила жал. Гьесда абизе кколила метералде гьанире къотIикъаялъе гIадамал ритIеян. Цадахъ кIиго тумавгун дун вачIинахъего Удуговасухъе вилълъана. Гьевги вачун ана цинги Масхадовасухъе. Метер сагIат анцIила цо тIубараб гIужалъ лъабго министр щвелила Герзелалдеян абуна гьес дида, къваригIани хадув живгоги вачIинила.

Герзелалде тIадвуссун дун щвараб мехалъ дунял тIубанго бецIлъун букIана. Тамашаяб жо, кидаго гвангъ-гвангъун букIунеб букIараб милицаялъул посталда хIедул чирахъцин бакун гьечIоан. ЦохIо рикIкIун хIалкIоларелгIан гIемерал машинабазул цо-цо подпарникал ругоан кенчIолел. Яргъилъе чурхдул тIерхьарал гIолохъабазул руккелаз ккун бугоан Баку-Ростов трассаялъул лъикIаланго манзил. Гранатометал, пулеметал, гранатаби, автоматал...

Дица гьикъана Хачилаев МухIаммад кив вугев абун. Кверги ккун дун щвезавуна хъарщазул гьабураб гьитIинабго будкаялда аскIове. Гьенир ругила киналго. Рагьана нуцIа.

ХIакъикъаталдаги гьеб будкаялъуре ракIарун ругоан Дагьис-таналъул халкъиял гIуцIабазул гIемерисел церехъаби. Вугоан гьенив Надирги, ватана МахIачев ХIажиги... Дица бицана ккараб жо. Гьеб бакIалдаго Хачилаев МухIаммадица витIун ана ГIабдурахIман абулев тумав гьеб бицизе. Грузовикалъул кузовалдеги вахун гьес киназдаго рагIуледухъ лъазабуна метер сагIат анцIила цоялде цойги-цойги хIалкIванагIан гIемер гIадамалги рачун нуж гьанирего щваян ва гьанже ножо-ножорго рокъоре руссаян.

Надирица дун вахинавуна жиндирго хаммералде. Бачунев чиги гьев живго вукIана. Герзелалдаса унезул ахирисездаса цоял рукIана ниж. Нижеда цебе-цебе кенчIолаго хъурщун унеб залимаб питон-борохьалда релълъун бихьулеб букIана цоцазда цун унеб нус-нус машинаялъул халатаб гIарщ.

МахIачхъалаялъул кIалтIа лъураб милицаялъул посталда Надир лъалхъизавуна. КъватIивеги вахъун гьес гьел лъикIго роркьизаруна ва цереса нахъе тIагIинаруна. Думаялъул депутат, Россиялъул бусурбабазул Союзалъул бетIер лъалхъизавизе тIасан буйрухъ гьечIого гьел мухъилал милицаязда кIвелароан. Шагьаралъул бакьулъе щолеб бакIалда Надирица дун рокъове щвезавизе цойги машина кьуна ва живгоги гьалмагъзабиги дие къолъикIги гьабун церехун ана.

Радал рогьалилкакидехIадурлъулаго рагIана телефоналъул цIумур. Жив вугила Хачилаев МухIаммадил рокъоса кIалъалеван абуна дида цояс. Гьес бицана милицаяз сверун ккун Надирил минаги бугила, МухIаммадги дова вугила. Гьанжего гьанже гьужум байбихьизе бугилан абулебги бугила! Гьанире ракIарун ругила гIадамал, гьез абулеб бугила мунгигIаги вачIинародаян. ЦIакъ вачIинаянги абун дица гIедегIун как бана ва лъалхъичIого ахIаралъуве вилълъана. Амма дида гьенив цо гIолохъанчи гурев щивго ватичIо. Ралагьун чIун рукIанила, киналго Надирил мина бугеб Титовасул къотIноре анила.

Гьеле гьеб буго доб Госсоветалде тIаде халкъ кIанцIараб маялъул къоабилеб къо. Гьеб къоялдаги гьелдаса хадурги ккарал лъугьа-бахъинал рагIичIел чагIиго ратиларо. Амма гьел лъу-гьа-бахъиназул кьалбазул гъварилъи бихьарал чагIиги цIакъго къанагIат гурони гьечIолъиялда ракI чIола дир. ЛъикIго заман ун хадуб гурони лъачIо дида гьеб рахъалъ дирго бетIералъул тIадголъи. Хасго Герзелалда гIорхъи къаялъул хIакъикъияб магIнаялда тIадги дун ургъизего ургъун вукIун гьечIо. Гьеб дие рагьана лъазего лъаларев цо гIолохъанчияс. Адресги балагьун кьабун дир рокъове вачIарав гьес, гIодовцин чIечIого, дида абуна дуе жиндир цIар яги хIалтIулеб бакI лъазе хIажат гьечIила, жив вачIун вугила дуе кIудияб баркалаги кьун, кьабун дур кверги къан къватIиве ине. Дун тамашалъана - кинаб баркала, щиб сабаблъун дун гьелъие мустахIикълъарав?.. Гьале гIага-шагарго гьев гIолохъанчияс бицараб жо: мун гьанжеялдаса нахъе цIакъ цIодорго вукIине ккола, бищунго дуе лъикI букIина Чачаналде яги лъиданиги мунго лъалареб бакIалде гочани. Хасал залимзаби (мафиози) квешаб ццидакь ругила дуда. Гьез гIемер мехалъ ургъун лъутIун-къотIун хIадур гьабураб гIасияб план рагIалде бахъун-бахъичIого бугеб мехалъ гьоркьов жуван мун вачIиналдалъун хIурухъ ун буго. Масхадовасулгун гара-чIвариги гьабун Герзелалде тIадвуссараб мехалъ гьениб канлъи букIинчIеблъи ракIалда бугищ дуда? Залимзабазул планалда рекъон, гьеле гьеб бецIлъукь цин цадахъ ва цинтIаго чIван рехизе кколел рукIун руго Хачилаев МухIаммадги гьесул вац Надирги. Гьелго бидулазда тIадкъан букIун буго балъго гъорлъ жорарал чачаназ чIванин абун ахIи-хIурги бахъинабун яргьилъе тIерхьарал дагъистаналъул гIолохъаби чачаназде гьусун тIаде гъезе. ГIадада гурелъулха цо-цоял гьенир гьоркьоса къотIичIого ахIдолел рукIарал тIадеги кIанцIун чачаназул тIоцере ратарал росабалъа 300 чи хъамилин ва дов предколхоз нахъе кьезегIан гъоркьлъелаллъун чIезарилин.

Залимзабаз хIисабалде босун букIун буго цойги рахъги - Герзел-гIорул добаб

рагIалда бугеб чачаназул посталъ гьел риччантелареблъи лъалеб жо гьечIищха? Гьайгьай, бида бецIцIилаан гьениб сверухълъиго. Гьеб мехалъ ахIи базе букIана дагъистанияз жодораздего, чачаназ жодораздего. ВачIинаан аза-азар чи. Гьедин байбихьилаан дагъистанияздаги чачаназдаги гьоркьоб унго-унгояб кIудияб рагъ. Гьеб мехалъ чара щиб Россиялъе цин цадахъ кIиябго республикаялда «конституцияб порядок» гьабичIого?

КIиябгореспубликаялъулкIигокIудиябгьоцIо лъугьинегIан гьелда кIвелароан бусурбабазул кIиго миллаталда гьоркьоб рагъ къотIизабизеги. Гьеле гьелъие гIо-ло бахъараб хъандакъ букIун буго доб Герзелалда гъоркьехун авлахъалда. Гьеб жакъаги добго хIалалъ буго добаго. Бихьизе бокьарав кьабун ине бегьула гьениве.

Гьел залимзабазул мурад гьанжеса тIубачIо. Гьезул цебеккунго хъвараб сценариялда бихьизабун букIун батиларо кинавалиго Адалло ГIалиевги гьоркьов жован жодор хIаракатчилъи хIурухъ инилан. Гьединлъидал залимзаби лъугьана жодорго хатIа дагьа-макъабгIаги битIизабизе. Гьеб мурадалда чIезавуна милицаяз МахIачхъалаялъул кIалтIа лъураб посталда Надирги гьесул гьалмагьзабиги. Гьенибги жо ккечIеб мехалъ ритIана залимзабаз Надирида данде милицаял ва жодоцаго жодоргоялги чIван лъугьана жодорго такъсирчилъи Надириде реххизе. Лъабго рахас тIамун сверун ккуна гьесул мина. Гьеле гьенисаги ун гIолохъабаз бахъана Госсовет.

КигIан хIосмахIавги чи ургъизе тIамичIого вукIинищ гьеб кIиго мисалалъ? ВукIинаро!

Дунги ургъана, гIемер ургъана. Дида якъинго бихьана кида-къадги дагъистаниялги чачаналги цоцалъ разаризе рукIин. Бусурбанчиясулаб иманалъги, инсанасулаб борчалъги, шагIирасулаб намусалъги (вера мусульманина, долг гражданина, честь поэта) дун тIамуна тIолабго иш-пишаги гIодоб тун, залимзабазул гIажалал къасдазда данде къеркьезе.

ТIоцебесеб гали. Цо пуланав тумасда (лакасда) дица гьарана дуего рес рекъараб къоялъ Надирги дунги духъего гьоболлъухъе ахIеян. Цойги чи хIажат гьечIолъиги бичIчIизабуна дица гьесда. Данделъана. Церехун рехсаралги гIемерал цойгиялги мисалалги рачун дица Надирида абуна тIоцеве дунги дида цадахъ гIемерал цойгиялги хIадур ругинха гьесул бетIерлъиялда гъоркь чачаназулгун гьудул-гьалмагълъи, вацлъи цIуниялъул иш гьабизеян. Лъаларо гьесие пикру рагьизе дирго гьунарищ гIечIеб яги цойги кIвар цIикIкIарал гIиллабийищ рукIарал, Надирилъ гъира-щавкъ бижизабизе дида бажаричIо. Квана-гьекъон хадуб цоцазе къолъикIги гьабун ниж берцинго ратIалъана.

ЦIакъ ургъел чIварав дица цо анкь араб гIадинаб мехалъ довго тумасухъе ахIана рачIайин гьаб нухалда Надирил вац МухIаммад-гун гарачIваризин абун. Хаду-себ къоялъго добго рокъор цIараб гIужалда ниж данделъана. МухIамадин абуна дица, нилъ руго лъабгоял. Дицаги нилъер гьав хважаинасги мун вищулев вуго нижерго имамлъун. Гьединлъидал дица гьарулеб буго ду-да гьаб данделъиялъул мурад бицине дие изну кьеян.

Надирилгун букIараб дирго кIалъай дица гьенибги такрар гьабуна. ЦохIо тIаде жобараб жо букIана дагъистаналъул ракълил комитеталъул (комитет мира) хIакъалъулъ пикру. Гьебкомитет буго цебего гIадамазе гIадлъараб, лъицаго гьанже малълъихъ гьабулареб идара. Щай бе-гьилареб нилъеца гьелъул къадру-къо борхизабизе? Масала, чачаназулгунги цойгиял республикабазулгунги гьоркьоблъи щулалъизабиялъул мурадалда жакъа мун бетIерлъи-ялда вугеб гьеб Комитеталъул гIаламаталда гъоркь хIалтIани кигIан берцингоха букIинеб. МухIаммадица гьабан гьениб дие жаваб кьечIо. Гьес абуна рачIайила лъикIго ургьизеги ургъун цо лъабгоункъго къоялдаса нахъеги гьанирго данделъизеян.

Хадусеб къоялъго МухIам-мадица ахIун бачIана дихъе жинца машина битIулеб бугилан, гьелдеги вахъун жиндихъе ваккейилан. Дида бичIчIана дир хиял гьес лъикIго гIадалъ сверизабун букIин. Сундаса нилъеца байбихьилебан гьикъана МухIаммадица дида вачIинахъе. Дица абуна тIоцебесеб иргаялда къваригIун бугин РД ва ЧРИ - кIиябго республикаялъул бутIрулги гьездаго цадахъ цойгиял тIадегIанал идарабазул хIакимзабиги цо столалда нахъа гIодор чIезаризе. Гьеб ишгиха гьабизе ккола хIалкIванагIан хехго Новолакалда. Гьеб пикру МухIаммадие цIакъ бокьана.

Гьеб къоялдаса нахъе нижеца байбихьана цадахъаб хIалтIуда. Хадусеб къоялъго МухIаммадица дида бицана Госсоветалде МухIаммад-ГIалихъе иналъул ва гьев Новолакалда гьединаб данд-чIвай гьабизе разилъиялъул. Амма гьесие дур цIар рагIизе бокьулеб гьечIила, гьесул черхалда сири балеб бугила Адаллоян абурабго. Гьединлъидал дица хIукму гьабуна «гъоркьан» хIалтIизе. Дида ккун букIана чачаназулгун лъикIаб гьоркьоблъи лъугьараб мехалъ МухIаммад-ГIалида бихьилин дун гьедин сири базабизегIан гIасияв чи гуревлъи абун...

«Гъоркьан» гьабураб кIудияб хIалтIул ахиркъадги лъикIаб хIасил ккана - 1997 соналъул 17 декабралда бетIералда тIоцевесев вице-премьер Наби-Гуллагун Дагъистаналъул властазул вакилзаби (министр Гусаев, цойги чамалиго министр ва гьезул заместителал, рагъулав комиссар ТIинамухIаммадов, муфтиясул тIоцевесев зам. КъурамухIаммад - кинавниги 20 чи) рачIана Герзелалде чачаназул вакилзабазда дандчIвазе. БетIералда вице-премьер Удуговгун гIемерал хIакимзаби рачIана Чачаналдасаги.

Гьеб данделъиялда гьарурал бищунго аслиял суалаздаса цояб букIана хадусеб (1998) соналда Дагъистан ва Чачан халкъазул Съездтобитти. Къомоцl чIезабуна 26 апрель. МахIачхъалаялдайищ, Грозныялдайищ - мухIкан гьабизе тана хадуб. Дица абулеб букIана МахIачхъалаялда тIобитIизе кколилан, Мовлади чIана Грозныялдаян. Гьес абуна Съезд рагьулеб къоялъ радал Московалда цо килищ багъаризабуни, МахIачхъалаялда гьеб лъалхъичIого къазе бугилан. Удуговасул далилал дие гIуна. Гьев витIарав вукIин хадуб бихьизеги бихьана.

Съезд тIобитIизе гьенибго гIуцIана оргкомитеталги - чачаназул рахъалдасан председатель Удугов, Дагьистаналъул - Хачилаев МухIаммад (росдал магIишат цебетIеялъул министрасул заместитель ва тумазул халкъияб багъа-бачариялъул цевехъан).

Гьел оргкомитетал хIалтIизе лъугьараб къоялдаса нахъе Дагьистаналда цIакъ гIемерлъана гIадамал рикъи, гьел хъамал гьари, минаби ва машинаби кьвагьизари... Кинабго бугъулебги букIана чачаназде. Съезд гьабизе бугеб къо гIагарлъанагIан, гьелдаса рикIкIалъизе лъугьана Дагъистаналъул тIадчагIи. Лъабго къо хутIараб мехалъ дагъистаналъул киналго казиятазда бахъун бачIана ва радиогун телевидениялъ кьуна жамгIиялгун сиясиял (общественно-политические) ва цойгидалги гIуцIабазул бутIруз гъоркь гъолбасараб хитIаб. Дир гьудул Салав ГIалиевасул бугоан тIоцебесеб гъолбас, гьесда хадусеб... М. Хачилаевасул ва жеги 25 гъолбасги. Гьеб хитIабалда нижеда гIунтIизабулареб гIайибго букIинчIо - самозванцы, отбросы и т.д. Съезд рагьулеб (26 апр.) къоялъ нахъеги къана чачаназулгун гIорхъи, Дагъистаналдаса 150 делегат вачIана Герзел-гIорги бахун. Милицаязулгун тунка-гIусиги ккун цойги щунусгогIан чиги вачIана Дагъистаналдаса Съездалъухъ гIенеккизе. Гьеб съездалда Хачилаев МухIаммадида тIад рукIарал киналго ишал тIуразаризе ккана дица. Гьедин дагъистаналъул рахъалдасан дун, чачаназул рахъалдасан Удугов рищана Шураялъул амирасул заместителаллъун. Гьеле гьедин ккана дун Шураялде.

Гьеб съездалъул хIакъалъулъ пачалихъалъулазул рахъалъ гIакъилаб рагIи бицарав чи ккана цохIо Рамазан ГIабдулатIипов. Гьес абуна Дагьистаналъул бутIрул гьеб Съездалда гIахьаллъизе инчIолъи жинца кIудияб гъалатIлъун рикIкIулилан. Рамазан ГIабдулатIиповасул гIадаб бичIчIи пачалихъалъулазул букIарабани нилъ рорчIилаан кIиабилеб чачаназул рагъудаса ва биял тIеялдаса.

Гьаб жо поэмайищ, пародияйищ?

(Байбихьи 8-леб гьумералда)

ахиралдаги тIад-тIад вуссун, нахъойги «ГIенекке мун, дир поэт» – абун чIанда цIалкIине лъугьунев вуго цIидасан автор:

ГIенекке мун, дир поэт,
ПасихIаб мацIалъул чи,
ХIикмалъидул бетIергьан
БетIер батIияв гIадан.
Дуда бан буго жакъа
Къарнуялъул гьаб къисмат,
Къан нуцIагун чIчIоге мун,
КIалкIала чIван рагье гьеб!
Гьабе аварагасул
Ассалъулаб цо хитIаб,
Халкъ бакIаре сверухъе
Рагье балъголъи гьелъий.
Гьаб дуниял кидаго
Дур мацIалда букIана
Дур гIахьаллъиялъ гьабун
Буго гьаб бижизеги.

Астаупируллагь! ХIикмалъизе бачIуна, гьадинал «асаралги» хъван тIехь къватIибе биччазе автор нечонгутIиялда. ГIадатияв поэт ГIабасов, авторас вахинавун вуго Аллагьасул даражаялде.

Гьеб жо бегьулеб жойищ?

Жакъа Дагъистаналъул шагIирзабазулъ пагьму-гьунар гьечIевгIан чи тIаса вищун кьун бугеб «Халкъияв поэт» абураб цIар. Гьеб гIемерисез бичун босана. Нужецаго гIинтIамун бихье гьеб учузаб цIаралъе кьолеб къиматалъухъ:

Гьале гьедин бижана
ТIоцебе берцинаб цIар.
ЦIар ахIун, тIаса рищун
Кьолеб гьунаралъул цIар...

Гьеб цIар бижана ХIурият бергьун хадуб цIализе хъвазецин лъикI лъаларел Стальский, АбутIалиб Гъапуров гIадал гIадатиял гIадамазда гьоркьоса рахъарал ашугазе, шагIирзабазе кьезе. Жакъа гьеб цIар кье гIицIго цIунун хутIун буго Дагъистаналда, гIелмуги лъайги жидее щваразе кьолеб цIар гуро гьеб.

Ахир гьадинаб буго:

Гьезул къадар дагь буго
Щакъго къадруяб букIун
Расулги ва Фазуги
Вуго ГIабасилавги.

Гьал мухъал цIалидал, ракIалде щвана, жеги цебего цо-цо хунздерил чIухIи бихьидал, дицаго абурал кочIол рагIаби:

...Руго Расулица мугъзада хъатчIван
ХIалихъе рахъарал шагIирзабиги,
КIудияс кидаго хунздерий гуреб,
ГьабичIо лъиего кепкил мупагIат,
Гьеб кинабго бихьун, кинабго бичIчIун,
Каранда кверги лъун абула дица,
ХIапшадерил росулъ хунздерил гIадал,
ШагIирзаби ругин гIияда нахъа...

Аллагьасе рецц, кин букIаниги рагIалде бахъана «Халкъияв поэт» абураб М. ЗайнулгIабидовасул тIехьалъул бицен. Кинаб асарха гьелъ дир рекIее гьабураб?

Гьелъ дир ракI буссинабуна хъвадариялдасаги хъвадарухъабаздасаги.

Жинда гIакълулъайги бугев, цIалдолезда гьаб поэма цIалидал щиб ракIалде ккеладаян пикру гьабулес, гьадинаб учузаб рецц-бакъалъул тIехь жиндирго рахъалъ басмаялда бахъизе толебищ? Киданиги толаро.

ГIабасил МухIамадица цIаличIого гьаб тIехь басмаялда бахъичIеблъиги лъиего якъинаб жо буго. Щайха гьес гьадинаб учузаб, гьечIеб рецц-бакъ жиндиего гьабураб гьаб поэма къватIибе биччазе изну авторасе кьураб?

Щайгурелъул, ГIабасиловас, гьев авторас бицухъиявлъун живго рикIкIунев вукIун. Хунзахъ районалда гIурал, тIолалго шагIирзабазул бугеб гIамал-хасият буго гьеб. Гьелда гIурус мацIалъ шизофрения абула. Гьеб буго унти.

Гьанже хIурматиял цIалдохъаби, нужецаго къимат кье тIехьалъул авторасеги, гьес бицен гьабулев «кIудияв» шагIирасеги. Дирго рахъалъ абила, нужее халатккун гьаб дунялалда хутIизе бокьун батани, М. ЗайнулгIабидовасул «Халкъияв поэт» абураб тIехьги балагьун - цIале. Релъанхъиялъ гIумру халалъулин, аби бугелъул. РакI чIчIун лъалеб жо, гьеб цIаларай дир, анцIго соналъ гIумру халалъун батила.

Россиялда 23 млн чияс гьабула ислам-дин ва официалияб къагIидаялда рикIкIуна жалго бусурбабилъун. Ахираб 15 соналда жанир Россиялда бусурбаби 40 проценталъ цIикIкIана. Москваялда гIумру гьабулел азербайжаназул къадар цIикIкараб буго Бакуялда гIумру гьабулездаса, Казаналда гIумру гьабулездаса цIикIкIун руго гьенир татаралги.

Имам ГъазимухIамад Мехти Шамхаласухъ «гьоболлъухъ»

Аллагьасул гъази ГъазимухIамад
Гьижра гьабун ана доб Чачаналде.
БахьингIи гъурулеб гъалбацI киниги,
Гъираялда щвана Гудермесалде.
Росаби чурхъана, Чачан хIинкъана
Чанги кашишасул бетIер къотIана…
(Халкъияб кочIодаса)

1794 соналда шамхаллъиялъул тIалъи кьола лъарагIазул шамхал Мехтибегихъе. ГIурусазул пача Павел тIоцевес кьураб кварщалида рекъон гьев тун вукIана шамхаллъун ва балъгояв гIакълучилъун, лъагIалие 6 азарго гъурущ харжги бихьизабун. Гьесие шамхаллъи кьураб кагътида гIурус пачаяс хъван букIана: «Гьав Мехтибег тасдикъ гьавулев вуго ва толев вуго киналниги хъулухъчагIазда, бегзабазда, росабазул бутIрузда, тIолабго халкъалда тIад Таргъуялъул, Бойнацкиялъул ва Дагъистаналъулго халкъазда тIад кверщел бугев гIурус пачаясул тIалъиялъе ритIухъав ва мутIигIав шамхал хIисабалда ва гьесие мутIигIлъизе тIадаб буго киназдаго» - ян.

1806-абилеб соналъул 23-аби-леб августалда Мехти шамхаласул нухмалъиялда гъорлъе кьуна Дербеналъул ханлъи ва гIурус пача Александр тIоцевесес гьев тасдикъ гьавуна Дербенталъул ханлъунги. Гьеб хъулухъалъухъ ва чиналъухъ Мехти Шамхалие гIурусаз кьуна Россиялъул герб бугеб байрахъги, гIарац месед тIад бекьараб хвалченги ва «Хъулухъалъухъ ва ритIухълъиялъ» абун тIад хъвайхъвагIай гьабураб бриллиантаз къачIараб меседил медальги.

Мехти шамхаласул гIурусазе ва пачаясе букIараб ритIухълъи бихьизабула хадуб рехсараб хIужжаялъ.

1818-абилеб соналда Дагъистан мутIигI гьабизе аскаралгун генарал Ермолов вачIунеб мехалда киналго вилаяталъул ханзаби данде чIана гIурус генераласда, гIицIго Мехти шамхал ана гьесда данде жиндир улка ракь тун къватIиве, гIурус генераласда дандчIвай гьабизе. Гьелдаса хадур хутIарал Дагъистаналъул халкъазда гьев рихана ва рецIелалдаса хIинкъун гьес гьарана гIурусазда жиндир шамхаллъи щула гьабеян ва хъулби раян, гIурусазе гьелъул пайда букIана Югалъулаб Дагъистаналъулгун бухьен гьабизеги.

Гьеб заманалда мугIрузулаб Дагъистаналда ва гIатIиракьалда рагIун вукIана Генуса ГъазимухIамад абурав чи, шамхаласухъеги щвана хабар гьесул рахъалъ. Шамхал хал ккун вукIана гьесул рахъалъ халкъалъ бицунелда хадуб ва къасд гьабуна гьев жиндихъего ахIизе. Дагъистаналда бищунго бечедав чи гIурус пачаясул генерал Таргъуялъул шамхалас кагъат хъвала Генуса ГъазимухIамадихъе, тIоцебеселъе жаваб бачIинчIеб мехалда кIиабилебги хъван чапар витIула. Шамхалас хъвана:

«…Дур щакдараби раккун ратизе руго дир кагъаталъ.Дица мун нахъойги ахIулев вуго, дирго чапарасда цадахъ вачIа, Дагъистаналъул киналго гIалимзаби рачIуна дихъе ва дие рокьула гьел, дунго гIелму цIаларав гьечIониги».

Имамас нахъойги инкар гьабуна шамхаласухъе ине, амма кагъатгун жаваб битIана:

«Салам дуде. Хадубги: гIажаиблъи гьабизе бачIуна дур кагътида, хасго гьал мухъазда «дие гIалимзаби рокьула ва гьел дихъего ахIула…». Дуда лъан гьечIо жеги гIелмуялъул багьа, лъарабани дуца гIалимзаби ахIулароан духъе, мунго унаан гьезухъе, гIелму гIадамазухъе унаро, гьелда хадур жалго гIадамал уна. Дун ханзабазухъе хьвадизе гьечIо, гьезул дихъе хъулухъ батани, рачIа абе дир мажгиталде, ялъуни рокъоре дида тIаде. Васалам.»

КIиго соналдаса шамхалас нахъойги хитIаб гьабуна имамасухъе: «Дида рагIана духъ гIемерал мугIжизатал ругин, гьедин батани вачIа, малъе дунги дир халкъги шаригIаталде, вачIинчIого чIезе хIинкъа Аллагьасул диваналдаса, доб дунялалда дица Аллагьасда цеве гIайибиявлъун мун вихьизавизе вуго, дица гьараниги хIакъаб нухде ниж тIамизе вачIинчIевлъун».

Гьеб кагътидаса хадуб инкар гьабизе рес букIинчIо ГъазимухIамадил, гьесул гьари тIубазабичIого. Имам вачIана гьесухъе Параулалде живго, цадахъ чи гьечIого (гьеб заманалда гьенив вукIун вуго шамхал) ва кьварун тIалаб гьабуна шамхаласул ханлъи бугеб ракьалда шаригIат хIалтIизабеян.

ГъазимухIамадица кIалъай гьабурабго Шамхаласул гьурмал кьер тIуна ва черхалда гъаргъар бана:

«Дица кинабго гьабила дуца абухъе, дуца абухъе…», - ян абураб калам такрар гьаби гурони кIалъазе кIвечIо. ГъазимухIамадгун ватIалъун хадув Шамхалас жинда тIаде вачIарав хъулухъчиясда абуна: «ГъазимухIамадихъа хIинкъун дир тIажу биччанин ккола, досухъ батIияб рухIияб къуват буго…» - ян.

Гьеб дандчIваялдаса хадув Шамхал шаригIаталде халкъ ахIиялде вачIине кколаан, шайтIан бер-гьараб къагIида, инкар гьабизе ГъазимухIамадил хвалчакьаги хIинкъун, вагIзаби гьаризе гьевги тун, Шамхал Петербургалде ана.

Мехти шамхал Петербургалде иналъе букIана чанго гIилла: тIоцебесеб - гIурусазул цIияв пача НикIолай тIоцевесесда живго вихьи, заман щун букIана живго хисун вас хъулухъалда тезавизе. Жиндирго бакIалда Сулайман–паша абурав вас теянги гьарун, гьесие полковникасул чинги тIалаб гьабун, гIурус пачаясул хъулухъалдаса шаргIалъул нухде вачIинчIого, Петербургалдаса тIад вуссунаго хвана шамхал Мехти. 1830 абилеб соналда пачаяс шамхаллъун тана гьесул вас Сулейман-паша.

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Раисат Гитинова
Патимат Махмудова

Редакционный совет:
Шамиль Алиев
Рамазан Абдулатипов
Сулайман Уладиев

E-mail: millat@gmail.com
Подписано в печать:

Тираж: 999

Точка зрения редакции не обязательно совпадает с мнением авторов.